

EKSODHO YE CHITATU



Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate. Misoro yedu yakakotamiswa, handizive kana paine zvikumbiro zvakatsaurwa zvamungada kuti zvizivikanwe pamberi paMwari. Ingosimudza ruwoko uye, pasi peruwoko rwako, ingobata chikumbiro chako.

² Baba voKudenga, tinotenda nokuda kweino, imwe nguva zvakare yokuungana pamwe chete, divi rino raZiendanakuenda. Uye tiri kutarisira mangwanani ano kuti kuvandudzwa kwesimba redu kugobva kwaMuri, zvigotipa kushinga kuitira rwendo rwuri mberi. Takaungana sezvakaita vana vechiHebheru rungwanangwana, kuti vatore mana yavakanga vapiwa pausiku, kuti ivagutse muzuva raizotevera. Taunganira Mana yapamweya, mangwanani ano, kuti itipe simba reparwendo.

³ Pasi peruwoko rwumwe norumwe rwasimuka, Munoziva zvose zवानoda, Ishe. Uye ndinonamata munamato wangu, pamwe chete newavo, pamberi peNyu, kuti Muchapa chikumbiro chose chavanoda. Podzai varwere nevanotambudzwa, Ishe. Tinoziva kuti Muri Mwari, uye munokwanisa kuita zvinhu zvose, uye makavimbisa kuzozviita kana tikangoita sezvataudzwa nechimbo, *Tenda Chete*, uye patanzwa manzwi akabwinyiswa, *Famba NoKutaura NaMambo*.

⁴ Zvino, Mwari, Baba, ropafadzai Shoko reNyu paRiri kuendeka mangwanani ano, uye dai Rawana nzvimbo yaRo yekuzorora mumoyo yedu, kuitira kuti Rigounza zvinhu izvo zvatakumbira, Baba. NemuZita raIshe Jesu tazvikumbira. Amen.

Garai henyu pasi. Mazvita, hanzvadzi.

⁵ Ndinotenda kuti zvakanzi, “Ndakafara pavakati kwandiri, ‘Ngatiendei kuimba yaShe.’”

⁶ Tichibva kuHot Springs, nezuro, Hama Moore vakanga vachiti, “Hama Branham,” ndokuti, “imi, hamungatyaira here muchienda zasi, Texas, pamwe chete neni kukonivhenisheni zasi ikoko,” ndokuti, “mombozorora mazuva akati kuti?”

⁷ Ndakati, “Ndine masevhisi maviri mangwana.”

Ivo vakati, “Masevhisi maviri?”

Ndikati, “Hongu.”

⁸ Ndokuti, “Nemaparidziro akaomarara amaita kuno,” ndokuti, “munhu anofanira kuzorora mushure meimwe yawo.” Ndokuti, “Mukatora mufudzi, opa mharidzo yake yeSvondo mangwanani, nezvakadaro,” ndokuti, “zvadaro ozorora svondo

rose rasara. Uye, zvadaro, pamwe anogona kunge ari maminiti makumi matatu, kana zvakadaro.” Ndokuti, “Makaparidza kuda maawa maviri kana matatu pano, panguva yoga-yoga,” ndokuti, “zvadaro, zuva nezuva, uye pamwe kaviri pazuva, zvadaro mozova nemutsara wekunamata, nekunzvera kwese kwakadaro.” Ndokuti, “Zvino muri kuti mave kuenda kumusha, mova nemasevhisi maviri musi weSvondo?”

Ini ndakati, “Hongu, changamire.”

Ndokuti, “Munozviita sei?”

Ndikati, “Betsero yangu inobva kunaShe.” Maona?

⁹ Nguva yapera, semumwe, mumwe munhu ataura nguva yapfuura, mumunamato, pandanga ndichingopinda. Nguva yapera, uye chishuwo chakakura, zvino tiri pano kuedza kuisa chikamu chedu ipapo, kuti zvibatsire nguva huru iyi yatiri mairi.

¹⁰ Zvino, Ishe vachitendera, manheru ano, ndinoda kutaura nezvechidzidzo, “Hupenyu hwako hwakakodzerana here neEvhangeri?” Iyoyo, ndinoda kuitepa.

¹¹ Uye zvino, handisi kuziva kana vari kuzotepa ino iyi mangwanani ano, kana kuti kwete. Ndiri kuona vamwe umo mukamuri iyo. Pane—pane mamwe machinda ari imomo; ndinofunga kuti varimo. Ndaka . . . Ndafunga kuti Hama Neville vachaita izvi. Ndakakumbira, musi weSvondo wakapfuura, kuti ivo vangova neyavo . . . vaende mberi nemharidzo yavo; uye zvadaro voenderera mberi, vondirega ndichidonhedzera chimwe chinhu mushure mavo. Asi, kana vachida kutepa chidzidzo cheSunday school, zvisinei, zvinenge zvakana.

¹² Uyezve, Ishe vachitendera, musi weSvondo unotevera, ndokunge, kana Ishe vatendera uye ndokunge tiri pano, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chandanga ndiri kuda kutaura kwenguva yakareba, uye ndikavimbisa kuti ndaizotaura Mharidzo dzakadaro kubva patabhenakeri, kutanga, Mharidzo dziya dzakatepwa. Ndinoda kupomera mhosva chizvarwa chino nokuda kwekurovera Jesu Kristu pamuchinjikwa; mangwanani eSvondo inotevera, Ishe vachitendera.

¹³ Uye zvino, manheru ano, naseven o'clock, kana seven-thirty, ndipo pane—ndipo pane Mharidzo yokuti “Hupenyu hwako hunokodzerana here?”

¹⁴ Zvino, pane dzimwe nguva, pakutaura nezveMharidzo idzi saizvozvi, ndinotaura zvino zvinocheka zvakaomarara. Uye chaizvoizvo handisi kuzvirevera kuchechi iri pano, kana chimwewo. Rangarirai, kana ndichitaura, zvinoenda pasi rose. Maona? Uye tine hurongwa hwematepi, pasi rose, uye vanotora Mharidzo idzi seri mumasango nekwese-kwese. Zvino Mweya Mutsvene pane dzimwe nguva unonditungamira kutaura chimwe chinhu chinogona kunge chiri chinhu ichocho chacho chaAri kudira mumwe munhu ari kure zasi muAustralia,

kumwewo kunhu, kana chimwewo chinhu. Saka, zvichida, zvimwe zvinhano, munogona kuti, “Zvakanaka, zvino, chinhano ichocho hachiwanikwe pano. Ko ari kuzvitaurei?” Zvichida ndezvekumwewo kunhu, muri kuona. Saka, hongu, ndine chokwadi chokuti imi vanhu munozvinzwisisa, kuti Mharidzo idzi hakuna wadzakanangana naye. Dzakangonangana neChechi, yose zvayo, kwese-kwese, uye chero icho Ishe chavanotitungamirira kuti titaure pamwe nokuita.

¹⁵ Takava nenguva yakabwinyiswa zasi kuHot Springs, uye pamusangano wechinyakare wechiPentekosti. Ndine chokwadi kuti vazhinji venyu makagutsikana kuti ava vanhu vechiPentekosti vari zasi uko, kubvira imi—imi makaenda zasi ikoko. Zvakanaka, kungoti, handizivi boka racho. Ndiri kungofanira kuenda zasi ikoko kwesvondo, zvino ndopa mazuva maviri kana matatu. Asi ndinoda kutaura chinhu chimwe chete. Mumusangano uyu, zvirokwazvo vakanga vaine kutenda, kwekuti vatende. Kana paine mumwe wenyu akanga ariko . . .

¹⁶ Izvo, zvandinoziva, mudzimai uyu pano, agere mukona, handizive kuti iye ndiyani. Kana kuti, ipo pano chaipo, ndinoziva kuti anga ariko. Uye ndinoziva hama dzakati kuti dzakanga dziriko, Hama Jackson, vamwe, Hama Palmer.

¹⁷ Ndizvo izvo vanhu zvavanowana kana vaine kutenda. Maona? Makacherechedza here mutsara wekupodzwa kwevarwere? Hapana kana mumwe chete akapinda kana akabuda asi vose vakapodzwa naMwari. Maona? Maona? Uye saka, kana uine kutenda . . .

¹⁸ Uyezve chimwe chinhu, panogona kuita vamwe venyu, vanogona kutadza kunzwisisa manyawi aya, kutamba, kudandzira. Zvakanaka, vanongo. . . Havasi kutarisira kune mumwe munhu. Vari kungodandzira, pamberi paMwari. Maona? Zvakanaka.

¹⁹ Asi, ndinoda kuti, ndiro rimwe—rimwe boka remadzimai akatsvinda kudarika vose vandati ndamboona, vhudzi riya refu, uye—uye vanhu vakabva seri uko mumasango, seri muzvikwenzi. Asi handitendi kuti ndakaona mumwe munhu ikoko airatidzika sewechimanjemanje, munoziva zvandiri kureva, vaine mhando dzakasiyana dzekupenda kumeso nezvinhu zvapakfekwa. Zvinoratidza. Ndinogona kutadza kuwirirana navo mune zvose zvavanodzidzisa, asi ndinogona kunyatsowirirana navo ipapo. Vairatidzika seMakristu, kwandiri.

²⁰ Saka Ishe vakanditungamira kutaura pamusoro pechidzidzo, nezuro, kana kuti marimwezuro, masikati: *Pamhidzai Kamwe Zvakare, Ishe*. Zvino pachechi, vamwe vavo ipapo havana kuziva, ndine chikonzero chandakazviitira, nokuti Ishe vakanditungamira kuzviita. Boka duku iri rakanga rave kutsauka zvishoma nezvishoma mune zvimwe zvinhu,

uye Ishe vakabatsira kuti zvi—zviitwe. Saka, zvakanga zvichingoshamisa. Ini zvirokwazvo. . .

²¹ Munoziva, zvinhu zvinoitika, kana usina ziso remweya, hauzvibate. Maona? Unofanira kutarisira kuzvinhu izvozvo.

²² Ndapinda. Uye iyi Hama Ungren, kanenge kechipiri pandati ndambovanzwa vachiimba. Pandanga ndichingopinda mukamuri, vanga vachiimba *Ndinofamba Uye Ndinotaura NaMambo*. Ndafunga, “Hazvina kunakisa here!” Uye kuti Mambo anga. . .Maona? Kufamba nokutaura, zvinoreva kuti kuyanana kwenguva dzose. Kwete bedzi muchechi, asi, kwese-kwese, kufamba nokutaura naMambo.

²³ Uye imomo, ndatarisa pamadziro, zvino panga paine kadhi ranga rakabairirwa pamufananidzo muduku imomo, wemamwe mamiriro ayo mumwe murume anonzi George Todd akanga—akanga andipendera. Handizive kuti sei murume wacho akazviita. Pamwe, zvichida, haana kungofunga, uye akaipenda zvino mufananidzo wegomo, seri musango, uye—uye hova ichiyerera ichidzika pasi. Zvino kune rimwe divi rehova, pakamira nondo hadzi nemwana wayo, dzakasimudza nzeve dzadzo, dzakatarisa mhiri kwehova. Handizive kana VaTodd vari muno. Handivazive. Asi, ndinoda kutaura izvi, Ishe vataura neni pandatarisa mufananidzo uyo. Uye zvichida vanga vasingazive, pavainge vari kuipenda.

²⁴ Munorangarira nyaya yangu duku yenondo iyo muchinda uya akanga ari kuzopfura, nekudanwa kwake? Zvakanaka, heinoi iyo nemwana wayo, saka, pamvura dzhupenyu. Maona? Kufemera, kwekuti amai nondo nemwana wavo vaive ipapo! Zvino ndakafunga, “Hongu. Zvino kune rimwe divi, uko kune, pane miti inogara yakasvibirira, ndina a—amai nemwana mhiri ikokowo, zvakare, vakamirira vari ikoko.”

²⁵ Maita henyu, hama, Hama George Todd, kana murume uyu ari pano mangwanani ano.

²⁶ Zvino, ndave kuva nechidzidzo cheSunday school. Ndinowanza kuchiti rebesei.

²⁷ Pane chimwe chinhu chiri kuramba chichifamba pamoyo pangu, handizive, kubvira nezuro. Zvino isu. . .kana Ishe. . .chi—chidzidzo. Ndave kukwegura, uye handi—ndizive kuti ndichine nguva yakareba zvakadini ndichiri pano. Asi pane mubvunzo mukuru muchechi, waita kuti vanhu vapesane, nepfungwa dzakasiyana-siyana.

²⁸ Sezvakangoita kudyiwa kwe “apurosi.” Uye ndakaparidza nezveMharidzo, uye ndinotenda, zvakasimba, ndinogona kuzviratidza nemaGwaro, kuti akanga asiri maapurosi. Maona? Zvakakonzerwa nyonganyonga yakawanda.

²⁹ Saka, zvichida, tisati taenda. . .tinofanira kudzokera iye zvino, mukati memazuva angaita makumi matatu, munoziva,

kudzokera kuArizona. Zvino saka kana, tisati taenda, Ishe vachitendera, ndinoda kuzotora Gwaro. Uye musaitepa. Kana vakazviita, musaitengesa tepi yacho. Musairega ichibuda kunze. Ndinoda kutsanangura Chokwadi chaicho chekuroorana nekurambana. Mubvunzo. Uye ino ndiyo nguva yokupedzisira, iyo, “Apo zvakavanzika zvose zvaMwari zvinofanira kupedzwa.” Uye nezuro, ndichiuya nemumakomo, mambakwedza, Mweya Mutsvene wakaita sokutaura kwandiri, “Itepe ugoirongedza,” handizive kuti sei, asi, “Chokwadi chemazvirokwazvo chekuroorana nekurambana.”

³⁰ Vamwe vavo vanoti, “Vanhu vanogona kuroora, kana vakagona kupika kuti vaiva muhupombwe.” Uye vamwe vanoti, “Saka, kana vachiitirana zvakashata, uye—uye vasingakwanise kugara pamwe chete; zviru nani kugara, panyika, murugare, pane kugara mugehena panyika.” Uye nemibvunzo yose iyi yakasiyana! Uye vamwe vanovachatisa nechero nzira ipi zvayo yakare. Uye vamwe vanoda kusasa mvura tsvene pavari, zvino vovashandura, zvino voti, “Havana kumbobvira vakachata.” Zvino ovaropafadza, zvino ovarozosera muchechi zvakare. Pane mhando dzose dzenyonganyonga. Asi, kana paine nyonganyonga yakawanda kudaro, pane Chokwadi pane imwe nzvimbo.

³¹ Ndinotenda, uye nokutaura izvi neruremekedzo, ndinotenda kuti Ishe vakazvizarura kwandiri, uye ini . . . Chokwadi. Uye kana ikapinda pakati pemachechi, inobvarura chinhu ichi kuita zvidimbu-zvidimbu. Izvo, zvichida ndizvo zvazvinofanira kuva. Asi zvaka . . . Zviru nani ndikangorega hangu vafudzi, kungorega vafudzi vemachechi, kuti vatore tepi. Uye vagoiridza, uye vanozogona kutungamira kubva ipapo. Asi ndiri kuda kungotepa izvozvo, kuratidza Chokwadi chaicho chazvo. Ndinotenda kuti ino ndiyo nguva yacho apo izvo “zvavanzika zviru kufanira kupedzwa,” kupedziswa. Zvakamboshandwa nazvo, sokutaura kwatakaita, zvichidzika nemumazera, ematepi, sokuunza kwatakaita zviya *Zvisimbiso Zvinomwe*, ne*Mazera Manomwe EKereke*.

³² Uye tave zvino kutarisana nenguva ye*Hwamanda Nomwe*, uye zvadaro *Ndiro DzeMatenda*. Uye zvichida tinogona kuita musangano wesvondo mbiri zvino toisa zviru zviru pamwe chete. Ndinoda kuti igotepwa.

³³ Uyezve, kunze kwaizvozvo, ndiri kuedza kuti iongororwe ichiverengwa, uye nokugadzira mabhuku kubva pairi, e*Mazera EKereke*; mabhuku manomwe ezera rekereke, matepi manomwe, anoriita kuti ridaro. Tinokwanisa kuita kuti riitwe zvachhipa sokukwanisa kwatingagona, kuitira kuti munhu wese agokwanisa kuriwana. Zvadaro, kana Ishe vakanonoka, uye ndotungamira, muchazoono kuti zvinhu zvandakataura nemuZita raShe zvichaitika sokungotaurwa kwaZvakaitwa. Hazvisati zvambokundika, nazvino, uye zvimwe zvaCho zvinofanira kuitika munguva inotevera.

34 Uye ndi—ndinovimba kuti Ishe vachaita kuti tizviite iko zvino. Tichazivisa vanhu, nenguva, nokuti pane vakawanda vanoda kuuva kuzonzwa zvinhu izvozvi. Uye ndi—uye ndinodzvikoshesa.

35 Kana pakashaya munhu anoItenda, kana kuIteerera, zvinondibatsirei, kumira pano, ndichitaura chimwe chinhu pamusoro paYo? Maona? Zvinenge zvakafanana nokukandira chingwa pamvura. Zvinenge zvakafanana . . . Kana paizoshaya munhu anozvitenda, zvadaro zvinozofanana nokukandira maparera kunguruve. Asi pane zviuru zvezviuru vanoZvitenda. Maona? Uye vanobatirira paShoko rose. Zvino tiri kuda kuti vakawanda vapinde mukati, sezingakwanisika, patinenge—patinenge tagadzirira kuve nemasevhisi aya, uye kuitira kubwinya kwaShe. Uye tinovimba kuti Mwari vachatipa.

36 Uye handisi kuda kuva nayo kusvikira ndafemerwa naMwari kuti ndizviite. Mwari vane nguva yezvinhu zvose. Maona? Haufanire kuenda mberi kwayo. Kana ukacheka gorosi risati . . . Vakaisa muchina wekukohwa imomo risati raibva, unorasikirwa nechikamu chikuru chegorosi rako. Maona? Saka, kana jeko ragadzirira kuchichekeswa, Mwari vacharichekesa, zvino tinoenda kunokohwa. Asi ndinongo . . .

37 Kana, ndichinzwa kumanikidzwa zvakadaro. Ndakafunga kuti ndichazvizunza kubva mazviri, munguva shomanani. Zuva rose nezuro, ndakatadza kuzvibvisa mupfungwa dzangu, husiku hwese hwanezuro manheru. Ndakaenda kunorara kuma twelve o'clock. Ndakarara kuda kwemaawa matatu, usiku hwekumashure kwacho. Zvino usiku hwapfuura ndakatadza kurara. Zvakadaro, Chimwe chinhu chakati, "Itepe, *Kuroorana NeKurambana*." Maona? Saka ini—ini . . . Ishe vachitendera, kana zvikaramba zviri pamoyo wangu uye Ishe vakandiratidza zvimwezve pamusoro pazvo, zvino, zvadaro, ndicha . . . Ndi—ndingangoitepa. Maona?

38 Asi, rangarirai, ndeyevashumiri bedzi. Imi uyai, asi, moteerera. Asi tepi pachezvayo, regai . . . Munoono, nokuti ikapinda muungano, zvino vamwe vakadai, uye vamwe vakadai, zvino vobva vatora pfungwa yavo. Uye ndinoda hama vashumiri kuti vave nayo mukamuri yavo yekunzvera, zvino movarega vachienda vabva imomo, nokuti ndivo vane mutoro webasa. Ndivo vacho. Sezvakaita kuenda zasi unoiridzira mutongi, vamwe vevatariri ava. Hongu.

39 Munoono zvakataurwa naShe pamusoro peuku, *Kuroorana NeKurambana*. Kwakayereswa kudarika mafungiro anoita vanhu kuti ndizvo zvakuri. Uye zvichanyatsobatana neMbeu YeNyoka. Chinongori chinhu chimwe chete, chiri kungofamba chichienda mberi, ndizvo izvo zvakavanzika. Rangarirai, "Mumazuva emutumwa wechinomwe, zvose

zvakanzika zvaMwari zvinofanira kupedziswa,” zvinhu izvo zvisingazivikanwe izvo Ishe vanozopedzisa. Zvino, nazvino . . .

⁴⁰ Zvino rangarirai, seven-thirty ndipo pamunotanga musangano wenyu. [Hama Neville vanoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvino, Hama Neville, kana muine mharidzo yemanheru ano, iparidzei. Maona? [“Kwete, changamire.”] Hazvinditorere kuda awa imwe kana maminiti makumi mana nemashanu, zvino ndinozotepa imwe yacho yose yasara.

⁴¹ Ndinofarira kuteerera kuna Hama Neville. Ndinovada. Ihama yangu. Uye ndi—ndinofunga kuti mutauri anoshamisa, mushumiri anoshamisa. Uye ini . . . Chimwe chinhu pamusoro paHama Neville, chandinoda, kana pane chavanenge vataura, vanorarama zvacho zvavari kutaura. Zvino, ndicho—ndicho chinhu chikuru.

⁴² Munoziva, unokwanisa kuraramira mumwe munhu mharidzo zviru nani kudarika kumuparidzira. “Nokuti imi pachenyu muri tsamba dzakanyorwa, dzinoverengwa nevanhu vose.” Zvino, regai, tisati . . .

⁴³ Tinokwanisa kuzarura mapeji, asi Mwari vanofanira kuzarura chidzidzo chino cheSunday school, saka regai tingoVakumbira kuti vazviite.

⁴⁴ Baba voKudenga, isu—isu nokutenda takatarisa munguva iri mberi. Ndakatarisa zvino, nokutenda, kune chimwe chinhu chiri kuuya, Ishe, panyika, chiri kuzounganidza vanhu veNyu pamwe chete. Apo tiri kuona machechi emasangano ari kudzvanyirira uye vave vakasiyana, zviru kunyatsosundira vanhu kunge; sezvazvaiva muEgipita, mumwe farao achisimuka, akanga asingazive Josefa.

⁴⁵ Sezvazvaiva muGermany, ne—nekumusoro muRussia, neItaly, vanhu vakasimudza vanaJoseph, Hitler naStalin, Mussolini, vaivenga muJudha. Vaifanirwa kudzokera kunyika yekumusha kwavo. Mwari, Mune nzira dzokuita nadzo zvinhu, dzatisinganzwisise. Uye Makavamanikidza. Kuchisina musha muGermany; zvinhu zvose vazvitorerwa. Zvakare, muItaly, Russia, kuchisina nzvimbo yokuti vangaenda. Zvino vakadzoserwa kunyika yekumusha kwavo, kungozadzikisa Shoko.

⁴⁶ O, ruoko rwaMwari rune rudo! Zvokuti, dzimwe nguva, rwunoratidzika serwune utsinye, nenzira iyo vanhu yavanotambura nayo, asi irwo, zvakadaro, ruoko rwaJehovha rwakanyorova, rwuri kutungamirira vana vaKe vaduku. TinoKutendai, Ishe.

⁴⁷ Iye zvino ndinonamata, Mwari, pandiri kuona zuva iro sangano riri kumanikidza vatendi, richivadzinga, richitaura, kuti, “Zita ravo rinofanira kunge riri mubhuku ravo, kana kuti vakarasika. Havana chokuita nerimwe boka.” Runongori bedzi ruoko rwaJehovha rwakanyorova, rwuri kuvatungamira

kuMuti weHupenyu. Ndinonamata, Mwari, kuti, mumwe nomumwe. Ndinoziva kuti vachazviita. Nokuti, iShoko reNyu, uye haRikundike. Dai tikatungamirwa kuMuti weHupenyu, kuitira kuti tigova avo vane Upenyu Usingaperi, kuona ruoko rwaMwari, uye, nemaziso okutenda, tinotarisa kune zviru mberi kwemimvuri iyi yatiri kufamba mairi nhasi uno, toona Nyika yechipikirwa ingori mberi.

⁴⁸ Ropafadzai Shoko reNyu, mangwanani ano, Ishe, Magwaro mashoma aya nezvinyorwa zvandinazvo zvakanyorwa pasi pano. Dai Mweya Mutsvene auya zvino, pandiri kuzvikumikidza, kudzingiswa kwerurimi nemufungo, pfungwa. Uye chechi inokumikidza nzeve dzavo dzokunzwisisa, moyo yavo, uye isu tose, pamwe chete, kuti Mugotaura nesu kubudikidza neShoko reNyu, nokuti Shoko reNyu iChokwadi. NemuZita reShoko, Jesu Kristu, tazvikumbira. Amen.

⁴⁹ Zvino, zarurai mumaBhaibheri enyu, kuBhuku yaEksodho. Uye zvino ndinoda kuverenga chikamu cheGwaro kubva munaEksodho, chitsauko 3, kubva pana 1 kusvika 12. Chingoteererai, zvakana, patiri kuverenga. Eksodho, chitsauko 3, 1 kusvika 12.

Zvino Mosesi akanga achifudza makwai aJetero mukarabwa wake, muprisita weMidiani: akaisa makwai seri kwerenje, akasvika kugomo raMwari, rinonzi Horebhi.

Ipapo Mutumwa waJEHOVHA akazviratidza kwaari mumurazvo wemoto kubva pakati pegwenzi: uye iro . . . iye . . . uye akatarira, zvino, tarirai, akaona gwenzi raipfuta nomoto, asi rakanga risingatsvi.

Mosesi akati, regai nditsaukire, ndione chishamiso icho chikuru, zvokuti gwenzi . . . kuti gwenzi haritsvi neiko.

Zvino JEHOVHA wakati achiona kuti wotsaukira kuti awone, . . .

⁵⁰ Ndiri kuda kusimbisa pane izvozvo!

Zvino JEHOVHA wakati achiona kuti wotsaukira kuti awone, Mwari akadana kwaari ari mukati megwenzi, akati, Mosesi, Mosesi. Iye akati, Ndiri pano hangu.

Zvino akati, Usaswedera pano: asi bvisa shangu dzako patsoka dzako, nokuti paumire panzvimbo tsvene.

Akatiwo, Ndiri Mwari vababa vako, Mwari waAbrahama, Mwari waIsaka, naMwari waJakobho. Zvino Mosesi akavanza chiso chake; nokuti wakatya kutarira Mwari.

Zvino Ishe akati, Zvirokwazvo ndakaona kunetswa kwavanhu vangu vari muEgipita, . . . ndanzwa

kudanidzira kwavo nokuda kwavatariri vavo vamabasa; nokuti ndinoziva kusuwa kwavo;

Ndaburuka kuti ndivarwire mumawoko emuEgipita, nokwabuditsa munyika iyo ndinovaisa kunyika yakanaka...nyika huru, uye kunyika inoyerera mukaka neuchi; uko kunogara vaKanani, . . . vaHeti, . . . vaHivhi, . . . vaJebhusi.

Zvino naizvozvo, tarira, kuchema kwavana vaIsraeri kwakasvika kwandiri: ndaona kutambudzwa uko kwavatambudzwa nako navaEgipita.

Naizvozvo zvino uya, ndikutume kunaFarao, . . .

⁵¹ Macherechedza? “Ndaburuka.” Asi, “Ndiri kukutuma.” Mwari, vachienda vari muchimiro chemunhu. “Enda.” Regai ndiverenge ndima 10 zvakare.

Naizvozvo zvino uya, ndikutume kunaFarao, kuti undobudisa vanhu vangu vana vaIsraeri muEgipita.

Zvino Mosesi akati kunaMwari, Ini ndini aniko, kuti ndiende kunaFarao, ndibudise vana vaIsraeri muEgipita here?

Zvino akati, Zvirokwazvo ndichava newe; hechi chiratidzo kwauri, chokuti ndakutuma: kana mobuda. . .

⁵² Ruregerero.

. . . Kana mobudisa vanhu muEgipita, muchanamata Mwari pagomo rino.

⁵³ Ndisiri kucherechedza, kumashure, asi ndichinzwa kufemerwa zvakadzika neMweya mangwanani ano, ndazvibata pakare ipapo. Mwari, vachituma muranda waVo kudzokera kwaakanga ambotiza, Vakamupa chiratidzo chegomo. Handina kumbozvicherechedza kusvikira iye zvino. “Ichi chichava chiratidzo Chekusingaperi kwauri.” Maona?

⁵⁴ Zvino tiri kuzotaura, mangwanani ano, pamusoro pechidzidzo cheeksodho yechipiri yevanhu vaMwari, kana kuti kudaniirwa kunze kwevanhu vaMwari. *Eksodho* zvinoreva “kubuditswa; kudaniirwa kunze; kutorwa uchibviswa.” Zvino ndinoda kushandisa izvozvo sechidzidzo, cheeksodho yechipiri yevanhu vaMwari. [Hama Branham vanoipa musoro wekuti, *Eksodho YeChitatu*, mushumiro yemanheru—Mupepeti.]

⁵⁵ Zvino, vakambova nemaeksodho akawanda, ndizvo chaizvo, asi ndiri kutaura nezvenguva iyo Mwari yavakadanira eksodho, kupatsanurwa kubva pavaiva, panguva iyoyo. Pano, Mwari vari kugadzirira kuzadzikisa Shoko raVo revimbiso yaMwari iro raVakapa kuna Abrahamu, nekuna Isaka, nekuna Jakobho. Makore, mazana emakore akanga apfuura, asi, zvakadaro, Mwari havambofa vakakanganwa vimbiso yaVo. Mumwaka,

munguva yakafanira, Mwari nguva dzose vanozadzikisa vimbiso yaVo.

⁵⁶ Naizvozvo, unokwanisa kugutsikana zvizere kuti izvo Mwari zvavakavimbisa muBhaibheri rino, Vachazviita. Hapatongorina chikavazero chokufunga zvimwewo zvinhu, uchiti, “Hamenon, muporofita akanga, zvichida, akakanganisa,” kana kuti, “izvozvo hazvikwanisike kuitika muzuva rino.” Zvairatidzika sokunge zvisingagoneki ipapo, kusakwanisika zvinodarika zvazviri zvino. Asi Mwari vakazviita, zvakadaro, nokuti Vakavimbisa kuti Vaizozviita.

⁵⁷ Uye onai kuti Vanozviita muhunyoro hwakadini. “Ndadzika. Ndanzwakuchema. Ndarangarira vimbiso yaNgu. Uye Ndauya pasi kuzozviita, zvino Ndiri kukutuma. Iwe zviite. Ndichange ndinewe. Zvirokwazvo, Ndichange ndinewe. Hwangu husinga-, Hupo husingakundike huchange huinewe kwese kwaunoenda. Usatya.” Maona? “Ndiri kuuya zasi kuzodzikinura.” Ndine chokwadi chokuti pfungwa yemweya inozvibata. Maona? Maona? “Ini—Ini ndiri—Ini ndiri kuzokutuma, kuunza vanhu vaNgu mueksodho. Udane uchivabuditsa, uye Ndichange ndinewe.”

⁵⁸ Zvino, tinogona—tinogona kunyatsozorora zvakadini, kuti kutenda kunogona kubatirira ipapo. Maona? Mwari vari kuzozviita. Vakazvivimbisa. Hazvina basa kuti zvakadini, mamiriro ezvinhu akamboita sei, kana zvinotaurwa nemumwe munhu, Mwari vari kuzozviita, zvakadaro, nokuti Vakavimbisa kuzviita. Uye Vanozviita muhunyoro, zvokuti, zvi—zvinoenda nepamusoro pe—pekunzwisisa kwepfungwa yakadzidza yeuyo anoedza kushandisa pfungwa pamusoro pazvo, “Ko zvingaitika sei?”

⁵⁹ Handisi kureva kuti munhu zvino, ane pfungwa yakanaka, yakasimba, nedzidzo yakanaka, kuti munhu iyeye haaZvinzwisisa. Izvozvo zvakanaka, uye zvinoshamisa, chero asingazovishandisa kushandisa pfungwa, asi, tsika dzaainadzo, dzive dzokutenda Mwari. Ngadzishandurwe kuhunyoro hwekuteerera kune zvakataurwa naMwari, uye nokuZvitenda. Tsika dzake dzinozomubatsira pakadaro.

⁶⁰ Cherechedzai. Asi kana munhu ave kuedza kushandisa pfungwa, “Hazvingagone kuitwa,” zvino izvozvo zvinomuisa kure naMwari, pose, nguva dzose, paanenge ari kuedza ku—kuteerera kune uko, kunzwisisa kwake. Maona? Kana usinganzwisisa, uye Bhaibheri rikataura chimwe chinhu, iwe ingobvumirana naCho, “Ameni.” Ingochirega chakadaro.

⁶¹ Zvino, panzvimbo yekutaura nezveMagwaro aya, munogona kuanyora pasi, muchidzidzo chino cheSunday school. Asi ndingada, zvichida, kana muchida kuzvitarisa. Asi, kutanga, ndine akawanda pano. Regai . . .

⁶² Tisati tawana kuti eksodho iyi inorevei, uye ndichafananidza eksodho yazvino. . . eksodho yakare, neeksodho yazvino, uye toona kuti hazvifambe zvakafanana here. Imwe yacho ndeyepanyama. Uye zvinhu zvimwe chete chaizvo zvaVakaita panyama, Vari kuzvifananidza zvakare, kuzvienzanisa neyepamweya, eksodho yepamweya.

⁶³ Zvinoshamisa, kuona Shoko raMwari! Kune here angagona kutaura kuti Harina kufemerwa? Izvi zvaive kuda makore mazana makumi maviri nemasere akapfuura, munoziva. Uye kuti Vakavimbisa, uye nezvaVakaita zvino ndokuzviisa pasi semuenzaniso, kuti iVo—iVo—iVo vanoita kuti mumvuri wechimwe chinhu upupurire pamusoro pe—pechinhu chaicho. Ndichasvika kwazviri, manheru ano, pakati pemwedzi nezuva, Ishe vachitendera.

⁶⁴ Asi, kutanga, tinofanira kuongorora Genesi kuti tione kuti sei vaive zasi muEgipita. Ko sei vanhu vaMwari vainge vari kunze kwenyika iyoyo? Zvisinei, Mwari vakazvivimbisa, ipapo chaipo paiva nemavambo, naAbrahama, Isaka naJakobho, muPalestine, Mwari vakavapa nyika iyoyo, uye ndokuti, “Iyi ndiyo yacho.” O, zvadaro, ko sei vanhu vainge vasiri panzvimbo yavakanga vapiwa naMwari?

⁶⁵ Ndiwo mubvunzo wanhasiwo, zvakare. Mwari vakatipa pentekosti. Vakatipa Bhuku reMabasa. Vakatipa Mweya Mutsvene, kuti uende mberi kwedu nekutitungamira. Vakatipa Nyika. Ko sei tiri kunze kwaYo? Ko sei chechi iri kunze kwaYo? Ko sei chechi huru yeChikristu nhasi isiri kurarama zvakare seBhuku reMabasa, kuunza chinhu chimwe chete? Pane chikonzero chacho.

⁶⁶ Tinoziva tose kuti takapamuka, uye tiri muchinhanu chakaipa kwazvo. Uye chinhanu chakaipisisa icho—icho Chikristu chati chamborarama machiri, ndinhasi. Uye tiri pa. . . chaipo pamuganhu kana kuti pamavambo e—ekutongwa kukuru, kunotyisa kwakamirira chechi. Zvino kutongwa uku kusati kwaitika, Mwari vari kudana eksodho, sezvaVakaita kareko. Zvivi zvavaAmori zvaungana, saka Va—Vari kudana eksodho ye—yepamweya. Zvino ngatidzokerei kumashure zvishoma, mumufananidzo, zvino tigoona.

⁶⁷ Vakaenda zasi kuEgipita, zvose nokuda kwegodo remukoma. Ndicho chikonzero Israeri yaiva muEgipita panguva iyoyo, kunze kwenyika iyoyo. Rangarirai, vimbiso dzaMwari dzakanga dziripo kana bedzi vainge vari kugara munyika iyoyo.

⁶⁸ Zvino muri kuona here zvatanga tiri kutaura mumunamato, munguva shoma yapfuura? Ko sei Mwari vakaomesa moyo waFarao? Kudzosera vanhu zvakare munyika yevimbiso, Vasati vagona kuvaropafadza, kuunza Mhesia kwavari.

⁶⁹ Ko Vakaomesa sei moyo waHitler, kuti avenge maJudha, apo iye aiva muJudha muchidimbu, pachake? Ko Vakazviita

sei izvozvo munaStalin, Mussolini? Maona? Vanhu vasina kufemerwa, senyika, vano—vano... Mwari vanofanirwa kutora zvi—zvinhu zvavari kurarama nazvo, mitemo yenyika, kakawanda, kuita kuti vimbiso dzaVo dzizadzikiswe. Saka, Vakatoomesa moyo yeava vatungamiriri vane hudzvanyiriri, kudzingira maJudha kunyika yevimbiso. Zvaitofanira kudaro.

⁷⁰ Iye zvino tinoona, kuti, tichidzika, Josefa... Tinoziva nyaya yacho, patiri kudzokera munaGenesi, uye munogona kungozviverenga. Nokuda kwekuti, ndati nonokei zvishoma kuti ndichitanga pachidzidzo ichi chakareba cheSunday school, zvino ndichaedza kukurumidza.

⁷¹ Cherechedzai zvino. Verengai nyaya yacho pamunokwanisa, yaJosefa, akazvarwa mushure mevakoma vake, achitevedzana newekupedzisira. Pfungwa yeMweya inozvibata zvino. Akanga asiri mwana wekupedzisira; aiva Benjamini. Asi, mukudzingwa kwake, tarisai. Josefa naBenjamini vaiva vana vababa naamai vamwe chete, uye vaviri voga vaiva mukoma nemunun'una. Benjamini haana kumbocherechedzwa kusvikira asangana naJosefa. Uye pamusoro pevamwe vose, Benjamini akapiwa mugove wakapetwa kaviri wezvose zvakapiwa naJosefa. Zvakanaka. Cherechedzai zvino, tinoona kuti zasi ikoko, vaive...

⁷² Akatorwa kubva pakati pevakoma vake nokuda kwekuti aive wemweya. Aive munhu mukuru, kunyange aive akaninipa kudarika boka rose, mudukusa paboka iri. “Uye vakamuvenga pasina chikonzero.” Havaifanira kunge vakamuvenga. Vaifanira kunge vakamuremekedza. Nokuti, sei vaimuvenga, nokuti akanga ari hama? Handizvo chaizvo. Vaimuvenga nokuda kwekuti Mwari vaishanda naye kudarika zvaVaiita nevamwe vavo vose. Maona? Vakamupa kunzwisisa kwe—kwe—kwe—kwepamweya. Aigona kududzira hope, nemazvo. Uye aigona kufanotaura zvinhu zvaizoitika, nemazvo, chaizvo—izvo nenzira yazvaizove. Uye iye—uye iye akanga asinganyengereri.

⁷³ Akaona chi—chiroto chezvisote zviya zvichikotama pamberi pezvisote zvake, zvino vakoma vake vakamushatirirwa. Vakati, “Tinofungidzira, zvino, iwe muumburuki mutsvene muduku,” nemamwe mashoko, “tichazofanira kupfugama pamberi pako rimwe zuva?” Asi ndiwo maitikiro azvakaita. Maona? Ko zvaizoitika sei kuti hofori dziya huru dzaizogwadama pamberi pemuchinda muduku uyu, asingazivikanwi akamira apo? Asi vakazviita, vakazviita zvemazvirokwazvo, uye vakadembetera vachikumbira tsitsi. Asi akanga asati ave kutonga, ipapo, munoona. Ipapo akanga achingori muchimiro chemwana.

⁷⁴ Uyezve tinoona kuti, mukudaro, kuti Josefa akabviswa pakati pavakoma vake, masangano, ndokuiswa kwake oga. Maona? Vakoma vake, vose munyika. Zvino kwakauya chinhu chikuru kwazvo. Tinocherechedza kuti Israeri... chero bedzi

vachinge vachigara munzvimbo yavo yavaigara, vachiramba varimo. Zvino, ndicho chimwe chinhu chakanaka, kugara panzvimbo. Panzvimbo chaipo, ndizvo chaizvo. Asi, vakadzinga Mweya.

⁷⁵ Avo vezvepamavambo, nhasi, nzvimbo yavo vanoiziva kuti ndivanaani, nokuda kwezivo yeBhaibheri yenjere, asi hapana Mweya. Vakaramba Josefa, vakaMudzingira kunze. Vakanga vasina chavaida kuita nezvaKe. “Iboka revaumburuki vatsvene. Rinongori...Hapana chatinoda chokuita naYe.” VakaMudzingira kunze, ndokuMutengesa, kunyika. Vakanga vari kunze kweruwadzano rwavo.

⁷⁶ Zvino, nokudaro, vakanga vari kubvisa panzvimbo, vakaendeswa zasi kuEgipita, panguva yakatevera.

⁷⁷ Zvino, nyaya yevakoma vane godo inonyatsoenzaniswa zvikuru nekudivi remweya remuzuva rino. Tose—tose tinovzivisa, kuti ringori godo rakachena, kwete rakachena. Igodo rakare, rakasviba, rine tsvina. Maona? Hapana kuchena mugodo. Maona? Hapana zvariri asi igodo rakasviba. Kana, pavanoona Bhaibheri rimwe chete, uye hunhu hwaMwari mumwe chete akanyora Bhaibheri, achizvisimbisa pachaKe, zvino voZviramba izvozvo pasina chikonzero. Rakachena... Zvakanaka, kwete rakachena. Sokutaura kwandaita, igodo rakasviba. Vachiona Mwari achipodza varwere, achimutsa vakafa, Mwari mumwe chete akararama mumazuva avaapostora! Evhangeri imwe chete yavakanyora, kuitira rwendu rwuno rwepamweya, ndiMwari mumwe chete anoita zvinhu zvimwe chete. Saka hapana zvimwe zvavari kunze kwekuva negodo, vakadzinga, “Uye hatisi kuzova naWo pakati pevanhu vedu.” Maona? Vanovadzinga!

⁷⁸ Vakafunga, vakoma, kuti havazombova nebasa nemunhu akadaro, saka, “Ko tadii tangomubvisa?”

⁷⁹ Ndizvozvo, zvinhu zvimwe chete zvakaitika muzuva rino. Vanofunga, kuti, “Nokuda kwekuti machechi edu ave enjere, uye kuti tine gungano revanhu vanopfeka zvinodarika vose, sangano gurusa, vashumiri vakangwara kudarika vose, zvokuti hatina basa neMweya Mutsvene nenzira yaWaive kareko.” Nokuti, vakazara. Nemamwe mashoko, maitiro anotaura zvinodarika mashoko: Kuti maseminari avo, neavo... pfungwa dzekuva kwavo—kwavo, uye nokuuya kwavo pamwe chete ne—nekukurukura nezvechinhu ichi, vanogona nokudarika, nenjere dzepfungwa dzavo, kuisa Kereke muhurongwa, zviru nani pane zvinogona kuitwa neMweya Mutsvene. Saka, havachisina basa naWo. “Chimwe Chinhu chatisina basa nacho nhasi uno. Awo, mazuva aizvozvo akapfuura.” Zvino, handizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Hatidi Mweya Mutsvene kuti upodze varwere. Tine vanachiremba. Hatidi Mweya Mutsvene kutaura nendimi. Tose tiri vanhu vakangwara.”

Zvino pamunodaro, munobvisa, kubva chaipo panheyo dzenyu, chinounza Upenyu.

⁸⁰ Jesu akati kumaJudha, muzuva raKe, “Hamuna here kuverenga kuti, ‘Dombo rakarambwa ndiro Dombo guru repakona pakagara chivakwa chose?’”

⁸¹ Zvino, muri kuona zvandiri kureva? Ndine chokwadi chokuti mu—muri kukwanisa kuzvibata. Ndicho, chi—chikonzero chacho zvino, nokuda kwekuti vakafunga kuti havazombova nebasanaWo. “Hatidi vanotaura nendimi. Hatidi vanodudzira ndimi. Hatichisina basa nevaporofofiti vemuTestamente Yakare kuti vatigadze muhurongwa, neMweya Mutsvene. TinoUnzwisisa.” Maona? Vakatora hurongwa hwakagadzirwa nevanhu kuti hutore nzvimbo yeMweya Mutsvene.

⁸² Naizvozvo, pane vanhu vakasanangurwa, vane mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana, havagone kugamuchira zvakadaro. Vane pfungwa yemweya, zvino nokudaro havakwanise kugamuchira zvakadaro. Havatombozvidi, zvisinei kana vanababa vavo navanaamai vavo vaigara mune ipi zvayo chechi yesangano.

⁸³ Kana chechi yagadzira, yaita, pamwe hainganyatsozvitaura pachena. O, kwete. Havambozvitaura pachena, asi maitiro avo anozviratidza. *Herinoi* iri Shoko. Uye Mweya Mutsvene unozviratidza pakati peavo, kana Achinge agona kuvaita kuti vauye pamwe chete, kuti Achiri kupodza varwere, nokumutsa vakafa, uye nokutaura nendimi, nokudzinga madhimoni. Saka, zvinoenderana nokuti. . . izvo zviru mukati memunhu.

⁸⁴ Mai Arganbright avo, vanga vachifunga kudaro, rimwe zuva, vagere zvavo panzira, vachidzura masora, pavakanga vari kucheka tsangadzi. Ndakapfuura nepo, nepadivi pavo chaipo. Havana kundiziva, zvino ndakangovarega vachienderera mberi. Ndakanga ndakatarisa.

Zvino cherechedzai Mweya Mutsvene mubasa raWo guru.

⁸⁵ Chechi inonzwa kuti haichisina basa neMweya Mutsvene. Machechi anokuudza kudaro. Uye varume vanokwanisa kusimuka vogonyatsokupai hurukuro yepfungwa, vanotopotsa vakuitai kuti muzvitende. Zvino ngatimirei ipapo, kwechinguvana. Ko Jesu haana here kuti iri miriri ichange iri pedyo nepedyosa, “Zvaitonyengera kana Vasanangurwa dai zvaigoneka”? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hurukuro dzenjere dzinenge dzakatsetseka, zvokuti zvinozo—zvinozonyengera vanhu. Evhangeri yayo, varume vayo vanogona kubata shoko nenzira yokuti, zvokuti anopotsa akwanisa kuita kuti munhu wenjere, kana uri kungovimba nenjere dzavo, vavanopomera Mweya Mutsvene, uye—uye vitora nzira yemunhu. Tiri kuzviona.

⁸⁶ Zvino, ndicho chinhu chimwe chete chavakafunga pamusoro paJosefa, zvino ndokubva vamubvisa. Uye, o, zasi muEgipita, o,

tinogona kufunga, kuti ndinogona kutora maawa akawanda. Munogona kugara pano kwemakore matatu zvino tisina kumbosiya chidzidzo ichocho, masikati neusiku, uye tinenge tichiri kungowana mhodzi huru dzeMweya Mutsvene. Pfungwa yemweya inogona kutarisa zasi muEgipita zvino yoona kutambudzwa kuchiyuya; nokuona Josefa achibviswa, kuitira kuti kutambudzwa kusimuke. Uye zvadaro nokuona Mwari, aine vhiri raKe riri mumavhiri, zvinhu zvose zvichitenderera zvakanaka. Toona Potiferi achiramba Josefa; muchiona nhema iya yakataurwa. Zvino toona Josefa mutirongo, uye ndebvu dzake dzakange dzakura, adzingwa kubva pane vakoma vake. Asi zvino, kamwekamwe, Mwari vakapindira. Maona?

⁸⁷ Tinokwanisa sei kuona vhiri riya mumavhiri, richifamba! Zano guru raMwari richifambisa zvinhu zvose kusvika kueksodho ino, panguva ino apo Vaizodana vanhu vaVo kudzokera kunyika zvakare, kudzokera panzvimbo, panzvimbo iyo paVaizogona kuvaropafadza uye ndokuisa pakati pavo uYo waVakavimbisa kuti Vaizoisira pakati pavo. Vaifanira kunge vari munyika yavo. Rangarirai, vaifanira kubuda munyika yavakanga vari, zvino vopinda munyika yevimbiso, Mhesiya wavo akavimbiswa asati akwanisa kuuya.

⁸⁸ Zvino Chechi inofanira kuita chinhu chimwe chete; kubuda pakati peboka reavo vanoramba, kupinda muvimbiso, Mhesiya asati akwanisa kuratidzwa pamberi pavo. Muri kuzviona? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hupenyu hwaMhesiya, huchiratidzwa, huchiita kuti Chechi igadzirire, Mwenga.

⁸⁹ Mudzimai achiroorwa nemurume, uye asingawirirane naye, kunenge kuchingori ku—kungopopotodzana, nguva dzose. Asi kana murume nemudzimai wake, musikana wake, mwenga wake, kana vari mukuwirirana kuzere, semweya mumwe chete nepfungwa imwe chete, nokuti vari kuzova nyama imwe chete.

⁹⁰ Zvino, kana Chechi ikagona kuwirirana zvakanaka naMwari, kusvikira kuratidzwa kweChikomba kunoratidzwa muMwenga, nokuti vachazova chinhu chimwe chete! O, chidzidzo chakakura zvakanaka.

⁹¹ Zvino, rangarirai, pfunga yemweya ichinhonga izvi, inogona kuona mufananidzo nechinofananidzirwa chacho, yochinhonga. Pane chimwe, bedzi, tinogona kuenda kwemaawa akawanda pachiri. Tarisai zvinoitika.

⁹² Uye seiko tamirira kwemakore ose aya, kubvira pachitubu chino chenguva? Munoziva, Bhaibheri rinotaura, kuti, “Chechi yakatizira murenje, uko kwayakariritirwa kwenguva nenguva.” Zvino seiko zvinhu zvose izvi zvakanaka? Kutu tigo. . . Maona? Achingori mavhiri aMwari mukati memavhiri.

⁹³ Ko sei Mwari vasina kuita izvi, kare-kare, apo varume vaigara pasi nemapenzura, ne—nemadzimai, uye vachiedza kuongorora nguva yacho chaiyo? SaJudge Rutherford nevamwe

vakawanda, kuti, “Jesu anouya muna ’14.” Uye—uye Mother Shipton vakava naro kumashure-shure kwairoro, nezvimwe zvakadaro, nguva dzose idzi. Uye, munoono, kana muchienda neizvozvi, nezvavakaedza kufungidzira kubva muMagwaro, munoono, vakazvivhiringidza. Rakavanzika. Rakavanzika zvezmazvirokwazvo. Uye zvingaitika sei kuti Gwaro rizvipikise pachezvaRo, apo Jesu akati, “Hapana munhu anoziva miniti kana awa”? Maona? Maona? Vanongotora chidimbu chimwe chete cheGwaro zvino vobatirira paChiri.

⁹⁴ Unofanira kutora Chinhu chacho chose. Zvadaro, kana Mwari vari mazviri, zvino Mwari vanozozviratidza kuti iChokwadi. Sekupodza kwaMwari, kana chisiri Chokwadi, zvino hachisi Chokwadi; Mwari havanei nechekuita nazvo. Asi kana VakaChiratidza kuti iChokwadi, zvino Chinenge chiri Chokwadi. Seizvo Jesu. . .

⁹⁵ Mwari vakati, “Kana paine mumwe pakati penyu, ari muporofita, kana wemweya, Ndichataura naye. Uye kana zvaanotaura zvikaitika, zvadaro munzwei. Ndizvozvo. Asi kana chiporofita chake chapotsa, zvino. . .” Mwari havagone kukanganisa. Havana magumo, havakanganisi, vane masimba ose, uye haVagone kukanganisa. Saka, kana ari munhu ari kutaura, zvino zvinoratidza munhu wacho. Kana akataura mashoko ake pachake, anokundika. Asi kana akataura Shoko raMwari, hazvikundike, nokuti ndiMwari vari kutaura. Zvino, kufemerwa kwake kunobva kuna Mwari, uye kuno. . . zvinongofanira kunge zviri izvo. Ndiyo nzira yakataurwa naMwari yekuzviziva nayo. Ndiyo nzira iyo Bhai- . . .

⁹⁶ MuTestamente Yakare, Vakati, “Kana vakasataura zviri maererano nemurawu nevaporofofita, chikonzero ndechekuti havana Upenyu mavari, hamuna Chiedza mavari.” Ndizvozvo. Vanofanira kutaura zviri maererano nemurawu nevaporofofita. Uye chiporofita, kana chimwewo chinhu, chinofanira kunge chichienderana neShoko. Kana chisiri, chakatsveyama. Maona?

⁹⁷ Zvino, tinoona kuti zvose izvi zvakaitika, nokuti, kumirira. Rumutsiro: maMethodisti, maLutherani, maBaptisti, maCampbellites, ne—nevamwe vose vakasiyana-siyana. Vakava nerumutsiro rwavo rwakakura. VeNazarene, Pilgrim Holiness, maPentekosti, vose vakawana rumutsiro rwavo rwakakura. Asi eksodho huru haisati yasvika. Sei? Mwari vakaudza Abrahamu kuti Vaizomuchengeta munyika imomo, asi ku—kusarurama kwavaAmori kwakanga kusati kwazara. Zvino Mwari vamirira, mukutsungirira. Vanhu vacho, vari kungoedza kufungidzira, vari kuona Gwaro rakananga kune chimwe chinhu. Rakananga chaiko kune chimwe chinhu, vakati, “*Rino* ndiro zuva racho. *Ino* ndiyo nguva yacho.” Asi munokundika kunzwisisa kuti kusarurama kwavaAmori hakusati kwazara.

⁹⁸ Mazana mana emakore vaizenge vachifamba zasi muEgipita, uye vozobuditswa. Asi chaizvoizvo vakagara makore mazana mana nemakumi mana, nokuda kwekuramba muporofita. Vakatozotambura mamwezve, makore anenge makumi mana zasi ikoko murenje, Mwari vasati vavabuditsa. Mosesi akanga ari kunze murenje makore makumi mana asati adzokera kunovadzikinura, muri kuona. Makore makumi mana akadarikidza nguva, akapfuura, nokuda kwekuti vakaramba mharidzo.

⁹⁹ Zvino, makore makumi mana munguva yaMwari anenge kuda miniti imwe nechidimbu, kunguva yedu. Ndizvo zvakaita mutsauko wacho. “Chiuru chemakore rinongori zuva rimwe chete bedzi.” Maona? Haitombosviki miniti, zvachose. Cherechedzai, imomo.

¹⁰⁰ Zvino tave kupererwa nenguva. Sei? Mwari vanga vari kuita moyo murefu, vakamirira, vakatarisa. Akarega ma—maLutherani achisimuka murumutsiriro, ndokuita sangano. Vakarega maMethodisti achisimuka murumutsiriro; ndokuita sangano. Ndokurega John Smith, chechi yeBaptisti, ichisimuka norumutsiriro rukuru; ndokuita sangano. Ndokuita kuti maPentekosti vasimuke nekudzoreredzwa kwezvipo; ndokuita sangano. Kusvikira kusarurama kwanyatsozara, zvino Mwari vanenge vaneta, zvino kunouzouya eksodho.

¹⁰¹ Uye tinozviona, kuti vanhu pachezvavo vanogona kuona zviri kumashure munguva yakapfuura, kuti chinhu chacho chakatukwa. Vanotori chigodo nehanzu yakanaka yekuBhabhironi, zvakare. Uye ndicho chinhu chakatukwa pakati pevanhu, apo munhu anoedza kuisa pfungwa dzake pamusoro pezvinhu.

¹⁰² Tinofanira kugara neShoko iroro. Ndiwo murairo waMwari, wakati, “Musabata kana chinhu hacho muguta iri, guta rakatukwa. Musachibata. Siya chakadaro.”

¹⁰³ Zvino Akani akafunga kuti aigona kutora chigodo ichi chendarama zvino agorarama zvakanakisa sezvakaita nyika yose, nehanzu yakanakisa yekuBhabhironi. O, kuna vanaAkani vari mumusasa! Maona? Asi chinhu chacho chakatukwa, uye chicharamba chakatukwa. Chakatukwa kubvira paNicene Council, paNicaea, Rome, chagara chakatukwa kubvira ipapo. Asi Mwari varega kusarurama kuchizara, kusvikira nguva dzevaAmori dzave kuda kuzadziwa.

¹⁰⁴ Uye zvino munhu wese ane kunzwisisa kwepamweya, rangarirai, ndinoramba ndichitaura, kunzwisisa *kwepamweya*, unokwanisa kuona kusarurama kwenyika ino kwazadziwa. Yakagadzira sangano ndokugadzirazve sangano, nesangano nesangano. Uye zvino yabatana, ndokuzvibatandiza nezvimwewo. Kusarurama kwazadziwa. Yava nguva yeeksodho, nguva yekudanira kubuda kunze, kuenda kuNyika

yevimbiso. Kwete vimbiso, imwewo nyika yekungoenda kwairi; asi Musha, Mireniyamu, nguva yekudanira kubuda kunze. Kusarurama kwenyika ino (ndichazvirovedzera zvakare manheru anhasi, Ishe vachitendera) kwazara. Yava netsvina.

¹⁰⁵ Munoti, “Hama Branham, nyika yamunogara mairi?” Hongu, changamire. Zvirokwazvo. Munoti, “Semugari wemuUnited States, hamufanire kutaura zvakadaro.” Kana zvakadaro, Eria haaifanira kunge akadanira chituko pamusoro peIsraeri, apo iye ari muIsraeri ipapo. Vamwe vose vaporofita havaifanira kunge vakatuka nyika iyi yavainge vari vaIsraeri pasi payo.

¹⁰⁶ Asi vakangotaura bedzi, kwete pfungwa dzavo, asi Shoko raShe. Maona? Zvinongoenderana nokuti uri kutora kufemerwa kwako kuchibva kupi. Zvinongoenderana nemauiyiro akuri kuita. Kana kuchipesana neShoko, siyana nako. Ndinobvunza chero munhu zvake kuti aratidze kuti izvi zvinopesana neShoko.

¹⁰⁷ Ko Bhaibheri harina here kutaura, munaZvakazarurwa 13? Ndimu munowanikwa nyika ino. Nyika ino nhamba yayo igumi nenhatu, nyika yemadzimai. Mudzimai, muBhaibheri. Mudzimai ari pamakobiri edu. Inyika yemadzimai. Ndiko kunotangira kuwora kwemadzimai, kutanga, uko kwazvinoperera. Kuwora kwakatangira muEdheni, nokusatenda Shoko raMwari. Kuno ndiko kwavakachechenya vaparidzi vechikadzi nezvimwe zvose. Tsvina yenyika inobva muHollywood, nyika yakaipisisa pasi rose; kurambana kwakawandisa, kudarika pasi rose rasanganiswa pamwe chete. Maona? Sei? Muchazviona nerimwe ramazuva, Ishe vachitendera. Muchaona kuti sei, chinhu ichi chakatukwa. Munogona kuona hupofu hwezvekurambana izvo Satani zvaakaisa pamaziso evanhu. Tiri munguva yakaipa kwazvo. Magumo edu ave pedyosa nokusvika zvino, ndinotenda. Vawora, kuwora kusvika pamwongo.

¹⁰⁸ Inoonekwa munaZvakazarurwa 13, nhamba yegumi nenhatu. Uye rangarirai, yakasimuka segwayana, rusununguko rwekunamata. Asi yakazogamuchira simba kubva kuchikara; mufananidzo wakaita saicho. Uye yakataura nechisimba chose, uye ndokuita zvinhu zvimwe chete zvakawora zvakaitwa nechikara mberi kwayo. Zvino ndiudzei kuti hazvina here kuporofitwa kunyika ino? Chinhano chevaAmori chave kutokwana, nokuti vari kutoshanda kare machiri.

¹⁰⁹ Uye kunyange papa wedu mutsva, chinangwa chake chikuru ndechekubatanidza hama pamwe chete. Zvino, kuziso renyama, ndicho chinhu chokuita. Asi, mumaziso aMwari, zvinopesana neMweya Mutsvene. Hatikwanise kuvhengana nazvo. Uye chechi yose ichadanirwa mumubatanidzwa uyu. Budai kubva muchinhu ichochi, nokukasika kwamunogona.

Muchatora munembo wechikara, musingazive zvamuri kuita. Budai mazviriri.

¹¹⁰ Ndinotenda kuti pfungwa yemweya inogona kuzvibata. Ndine chokwadi kuti munozviita. Asi handizive, kunze uko. Zvisinei, haukwanise kushanyira nyika dzose. Unogona kutumira matepi kwairi. Mwari vachava nenzira yekubata pfungwa iyo kunze uko kwakadyarwa mbeu iyoyi. Ndizvozvo. Zvino painongorohwa neChiedza [Hama Branham vanorovanisa maoko avo kamwe chete—Mupepeti.], yatoenda, inотора Upenyu. Semudzimai muduku patsime, akati, “Hechoka Ichu.” Mudzimai akaChibata.

¹¹¹ Budai kubva muchinhu icho. Chakatukwa. “Chakatukwa?” Ndiudzeiwo pakambowa rimwe rikamuka zvakare. Ndiudzei rimwe chete rakasimuka risina kuzowa. Saka, munogona kuona kuti chinhu chacho chakaipa. Zvakanaka.

¹¹² Kusarurama kwakanga kusati kwazara, kwevaAmori, nokudaro vakambogara nokumirira pasati pava neeksodho. Asi vaAmori pavakazadzisa kusarurama kwavo, zvadaro kwakauya eksodho yepamweya, kana kuti eksodho yapanyama, kutungamirira vanhu kunyika yapanyama, uko kwakambogara muAmori wepanyama, ndokuidana kuti nyika yavo.

¹¹³ Uye kusarurama kwevaAmori sangano vakazvidana kuti “Chechi,” kwenguva yakareba, kusvikira kusarurama kwavo kwave kuda kutozara.

¹¹⁴ Pari kuuya eksodho, apo Mwari vacharatidza kuti ani ndiyani; apo Chechi paChayo, Mwenga waJesu Kristu, uchabuditswa mueksodho, kupinda muNyika yakavimbiswa. “MuImba yaBaba vaNgu mune dzimba dzakawanda, munzvimbo iyi.” Haufanirwe kuenda Ikoko ugonorwa sezvavakaita. Yakatogadzirirwa kare. Kana tabhenakeri ino yehugaro yevhu yaparara, tine imwe nechekare yakatimirira, “Kuti kwaNdinenge ndiri, nemiwo munenge muriko.” Eksodho huru yave pedyo!

¹¹⁵ Tarirai kuti Mwari vakaita sei eksodho iyi, zvaVaka... gadziriro dzaVakaita, zvino tombonzvera kwechinguvana, zvadaro totarisa nhasi. Zvakanaka. Cherechedzai, eksodho iyi isati yavapo, “Pakasimuka mumwe—mumwe farao akanga asingazive Josefa.” Maona? Farao akanga asingazive Josefa. “Akanga asingazive Josefa.” Ko *Josefa* aimiririrwa nei? Chikamu chemweya mueksodho iyi yemweya.

¹¹⁶ Kunosimuka zvino, “Tine rusununguko.” (“Mudzimai akariritirwa kwenguva, nenguva, nechidimbu chenguva.”) Asi pokupedzisira kwakasimuka mumwe—mumwe Jos-...kana mumwe farao anotonga nehudzvanyiriri akanga asingazive rusununguko rwekunamata, achivabatanidza pamwe chete. Musazvirega zvichikupfuurai. Pakasvika nguva apo pakava nafarao, aifanira kuuya, kutanga.

117 Zvino masangano akanyatsopfumvura, ndokurarama sedavi rakapfekerwa pane mumwe muti, mumuzambiringa wemazvirokwazvo weChikristu, asi uchiri kubereka michero yawo yepakutanga: madzimai, asina kupfeka zvakanaka; varume, vananyanjere, uye vachiramba simba reMweya. Asi, rinorarama pasi pezita rechechi yeChikristu. Muzambiringa wakapfekerwa. Asi Muridzi wemunda ari kuuya zvino kuzokwanhura mapazi emuzambiringa uyu, sezvaAkareva kuti Aizoita. Avo vose vasina muchero vachakwanhurwa vozokandwa mumoto vagaparara.

118 Chinhu chinorwadza kuchitaura, asi Chokwadi dzimwe nguva chinoita sechinorwadza, sezvandichangobva mukukutaurirai, kuti Mwari vanotora vanopfuudza vana vaVo nemumvura dzakadzika nemujecha rinonyudza nezvimwe. Vanozviita nenzira iyoyo. Rangarirai, ha—hari inofanira kupwanywa kuita zvimedu, zvidimbu, zvimedu zviduku kuti igoumbwa zvakare nokukuyiwa zvakare. Zvinoita sechinhu chakaipisisa kwazvo kuiparadza, asi inofanira kuitwa saizvozvo, kuitira kuti hari iumbwe zvakare, vhasi kana chero chinhu chauri kugadzira.

119 “Paiva nafarao akasimuka, akanga asingazive Josefa.” Zvino ndiko kwaiva kutanga kwemavambo. Ndiwo aive mavambo eeksodho. Zvino chinhu ichi pachakatanga kuumbika, pasi pesimba re—rematongerwo enyika, ndokutanga kuumbika, Mwari vakatanga kugadzirira. Kusarurama kwevaAmori kwakanga kwazadziswa. Nguva yaVakavimbisa Abrahamama yakanga yakwana, uye nguva yerudzikinuro yakanga yave kusvika.

120 Zvino Mwari vakatendera mumwe farao kuti asimuke, akanga asingazive Josefa, zvino Ramesesi akazvarwa. Zvino mushure maSeti kwakauya Ramesesi. Zvino Ramesesi ndiye uya akanga asingazive maropafadzo aJosefa. Uye—uye akanga asingazive kuti divi remweya rainge rakaita sei. Akanga angori nyanjere pazvinhu zvevatongerwo enyika, zvokuti akagona kutora Ethiopia nedzimwe nyika dzose, nesimba remauto. Uye ndizvo zvoga zvaaziva, zvesimba re—remauto.

121 Uye ndinofunga kuti, kana chero upi munhu ari wemweya, anogona kuona zviri kuitika. Tiri kuwana farao asingazive chinonzi rusununguko rwekunamata. Apo mutungamiri wenyika yedu paakapinda pabasa rake, akaramba kupika kune zvakadaro, kuti anotenda murusununguko rwekunamata.

122 Ko rimwe zuva riya patakanga tine mubvunzo uya wezverusarura ganda, zasi Kumawodzanyemba? Apo uya gavhuna we—weAlabama . . . Ndinoshuvira kuti dai ndakwanisa kutaura nemushumiri uya, uya Martin Luther King. Ko murume uyu angava sei mutungamiri, achitungamira vanhu vake mumuteyo werufu? Dai vanhu ava vanga vari nhapwa, ndingadai

ndiri zasi ikoko, ndakabvisa batye rangu, ndichirwira vanhu ivava. Havasi nhapwa. Vagari vemunyika. Vagari vemunyika ino. Inyaya “yekuenda kuchikoro.”

¹²³ Vanhu ava, kana vaine moyo wakaomarara uye vasingazive zvinhu izvi. Haukwanise kuisa muvanhu, zvinhu zvemweya, mune zvakarovedzerwa imomo nemasimba ezvematongerwo enyika. Vanofanira kuzvigamuchira, vobarwa patsva, zvararo vanozone zvinhu izvi.

¹²⁴ Asi, murume uyu, dai ndaingokwanisa kutaura naye; achitungamira vanhu ava vakakosha, pasi pezita rechinamoto, mumuteyo werufu uko kwaachauraya zviuru nezviuru zvavo! Havagone. . . Vanogotora chete divi re—repanyama.

¹²⁵ Murume uyu, hama yechitema, paya pakava nekumukira kukuru kuya muLouisiana, ndakanga ndiripo panguva yacho. Apo avo. . . Pane mushumiri wechitema, hama yakakosha, akasimuka ikoko ndokuti, akakumbira vemaoto, “Ndingataurewo here navo? Vanhu vangu.” Zvino mushumiri uyu mutana akasimuka, kunze ikoko, ndokuti, “Ndinoda kuti, mangwanani ano, handina kumbobvira ndakanyara neruvara rwangu. Musiki wangu akandiita zvandiri.”

¹²⁶ Ndizvo zvaAnoda kuti arambe akaita. Ndizvo zvaAnoda kuti munhu wese arambe akaita. Anogadzira maruva machena, nemaruva eblue, nemaruva emaruva ose. Musaaite masanganiswa. Musaavhenganise. Munopesana nemasikirwo.

¹²⁷ Akati, “Handina kumbobvira ndakanyara neganda rangu, kusvikira mangwanani ano.” Akati, “Pandaona vanhu vangu vachisimuka vachiita zvinhu zvavari kuita iye zvino,” akati, “zvinoita kuti ndivanyarire.” O Mwari, ropafadzai inzwi iri. Akati, “Muchangokonzera dambudziko.” Ndokuti, “Tarirai zvikoro zviri kuno. Dai tanga tisina zvikoro,” ndokuti, “zvingadai zvakasiyana. Asi ndiyani ane zvikoro zvakanyakisisa muno muLouisiana?” Ndokuti, “Ngatitorei, semuenzaniso, guta redu, Shreveport.” Akati, “Pane chikoro chevachena chiri necheuko, chikoro chakare. Vakativakira chimwe. Havana kana chimwe chokushandisa, chinhu chimwe chete chinotambiswa nevana. Tine ruvanze rwakazara. Uye kunze kwaizvozvo, vakativakira duhwino rakakura, guru, remarble revana vedu. Uye tine vadzidzisi vakanakisisa vangagona kuwanikwa.” Ndokuti, “Ko sei muri kuda kuenda ikoko, apo tine chiri nani kuno? Ko dambudziko renyu nderei?” akadarwo.

¹²⁸ Zvino vanhu ava, ivo, “Rah!” Vakavhariridza inzwi. Hezvoka, munoona, kufemera kwakaipa.

¹²⁹ Vanhu ava vaiva nhapwa. Ivo ihama nehanzvadzi dzangu. Dai vari nhapwa, ndaiti, “Ngatibatanei navo uye tigodzika nemumugwagwa tichipikisa chinhu ichi.” Havasi nhapwa. Vagari vemunyika vane kodzero dzimwe chete sedzine munhu wese. Asi kunongori kufemera kuri kubva mugehena, kuti

zvikonzere kuti miriyoni yavo iuraiwe. Vanotanga kumukira hurumende. Zvirokwazvo, ndizvozvo. Hazvina kunaka.

¹³⁰ Varume nemadzimai vane kodzero dzavo pachavo. Hama dzedu dzechitema, nevedu vekuJapan, neveyellow, vachena, vatema, nechero zvavangori, hapana mutsauko muruvara rwavo, naMwari. Tose takabva kumunhu mumwe chete, Adhama. Asi kana Mwari vakatipatsanura ndokutipa ruvara rwakasiyana, ngatigarei takadaro. Dai ndaiva munhu we—weyelllow, ndaitoda kuramba ndiri munhu wekuJapan, kana muChina. Ndiri munhu mu—mu—mutema, ndaitoda kuramba ndakadaro. Mwari vakandisika ndakadaro.

¹³¹ Chaizvoizvo, pane zvakawanda pamusoro perudzi rwevatema izvo verudzi rwechichena vanofanira kuve nazvo. Havanetseki. Vari pamberi pane zveuweya. Pane zviuru zvezvinhu pamusoro pavo izvo vachena havatomborina. Mwari akavasika vakadaro.

¹³² Ndiyani angaimba zvinodarika kwaya yevatema? Ndekupi kwaungagona kuwana manzwi? Ndakavaona vachibva kumamisha seri uko, vasingazive kuti nderwupi, ruoko rwerudyi nerweruboshwe. Marudzi avo makumi matatu kana makumi mana akasiyana-siyana, vanoimba zvokuti, nyanzvi dzinomira ipapo, voti, “Handimbokwanisi kusvika pakadai.” Akadzidzisa makwaya kwemakore, zvino mumwe anenge achiimba neinzwi dete riri pamusoro, neriri pasi, nezvose. Anoti, “Teerera kwavari, zvakanyatsokwana, kunyange mundimi dzakasiyana.” Vane chipo.

¹³³ Asi, munoona, zvinhu zvose izvi zvinofanira kuitika, zvose nokuda kwemunhu wezvevatongerwo enyika uyo wamakasarudza imi vanhu nemichina yenyu ine chitsotsi.

¹³⁴ Uye rimwe zuva, apo gavhuna uya akamira ipapo, akagadzwa ndokusarudzwa muhofisi iyi, nevanhu, zvino nyaya yezverusarura ganda zviriri maererano nebumbiro remutemo inoti, dunhu roga—roga rinogona kutora pfungwa dzaro pacharo pamusoro pazvo. Akanga asina hanyn’a, asi akaverenga bumbiro remutemo, ndokuti, “Zvino, zvikoro zvinotsigira rusarura ganda.” Vane chikoro necheuko. Uye vaingori vana vaviri vechitema vaida kupinda muchikoro ichi, ivo vaine koreji yavo pachavo. Asi akamira akati, “Chii?” Akatoverenga bumbiro remutemo.

¹³⁵ Zvadaro pazvakasvika kune muchinda watinaye kumusoro kuno, asingazive Josefa, rusununguko. Achinyengerera mavhoti evatema, uye vasingazive kuti ibato rerepublican rakavasunungura, pakutanga. Vachitengesha kodzero dzavo dzhedhangwe, kune chinhu chakadaro, kuvatungamira mumuteyo werufu, kuratidza kuti hurongwa hwese hwakaitwa nemunhu hunofanira kuwa. Ndizvo chaizvo. Zvino VaKennedy vakaisa pasi pehurumende vachengeti ava, zvino ndokutuma

varume ava kudzokera kunotarisana nemadzibaba avo aive akamira apo pasi pebumbiro remutemo. Zvakatyora bumbiro remutemo zvakare.

¹³⁶ Ndokuti, “Hatisi kuzorwa. Kwete, changamire.” Uye ndokuti, “Ndine tariro yekuti nyika inoona kuti hatichisiri kurarama pasi pehurumende yegutsaruzhinji, asi pasi pehutongi hune chisimba hwemauto.”

¹³⁷ Munoziva chitaurwa chakare, “Kana wangove mudemocrat wekumawodzanyemba, uchagara wakadaro nguva dzose.” Handizive hangu iye zvino. Uh-huh. Chokwadi munhu achange aine pfungwa dzakakwana dzekuti aite chimwe chinhu. Maona? Siyai vanhu vakakosha ava vakadaro. Musavauraya, zasi uko.

¹³⁸ Semuchinda uya akapfura hama iya nekumusana, pane umwe usiku, nepfuti, uye vana vake vaduku nemudzimai vari mumba. Handina basa kuti ndiyani, zvakazvidzika nekushoreka. Hongu, changamire. Ndingada kuva mutongi panyaya iyoyi, kamwe chete. Uh-huh. Uh-huh. Kupfura murume uya, ari kuuya kumba kune mudzimai wake nevana. Mugari wemunyika, ane kodzero dzekumiririra zvaanofunga kuti zvakanaka, munhu wakanaka. Mufananidzo mumagazini re*Life*, kakomana kaduku kaya kachichemera baba vako. Zvino mumwe mupanga kunze uko, ndokumupfura nekumusana, akamuhwandira.

¹³⁹ Ndizvo zvaunowana kana ukaramba Kristu. Ndizvozvo chaizvo. Ndipo pasvikwa nenyika yose, zvose pasi pezvematongerwo enyika. Zvinonyadzisa zvikuru, asi ndizvo zvatakanga tichida. Takazviratidza musarudzo ino iyi.

¹⁴⁰ Mwanakomana wangu muduku ati kwandiri, mangwanani ano, “Baba, madzibaba epakutanga, pavakauya kuno, vakanga vari here vose veimwe *iyi* chechi yesangano? Vakanga vari here vose . . .” Ndokuti, “Vakanga vakapfeka here majasi makuru?”

¹⁴¹ Ndikati, “Kwete, mudiwa. Vakauya kuno kuitira rusununguko rwekunamata. Ndizvo zvavakavinga kuno, kuti vabve pasi pezvinhu zvakadaro.” Munoono kwazvasvika zvino? Zvinoratidza humambo hwese uhu hunofanira kuwira pasi.

Ndinofanira kukurumidza.

¹⁴² Chimwe chinhu, ndinonamata kuti Hama Martin Luther King kuti zvemazvirokwazvo vagoepuka. Vanoda vanhu vavo; pasina kupokana. Asi dai vakangoona kune kufemerwa kwavo. Zvinobatsirei toti waenda kuchikoro, paine miriyoni yenyu varere pasi, vakafa? Ko handizvo here, kuenda kuchikoro, kungori zvimwe chetezvo? Zvino, zve—zvenzara, dai zvaiva zvezvimwewo, nhapwa, murume uyu aizova munhu anofira chitendero kupira hupenyu hwake kune zvakadai, chikonzero chakakosha, uye chinenge chiri chikonzero chakakosha. Asi kungoenda kuchikoro bedzi, ini—ini handizvione. Maona? Handifungi kuti Mweya Mutsvene uri kuwirirana naye,

zvachose, pane izvozvo. Zvaita kuti vanhu vasagadzikane, muboka renyonganyonga, munoono.

¹⁴³ Sezvakango—kangoita Hitler, uko muGerimani, akavatungamirira mumuteyo werufu, maGerimani akakosha. Uye vakaradzika mabhiriyoni, kana mamiriyoni, vakaita murwi mumwe pamusoro pemumwe.

¹⁴⁴ Uye ndicho chinhu chimwe chete chaicho. Uye rangarirai, ndiri patepi. Muchazviona, mumashure, pamwe mushure mokunge ndaenda. Ndizvo chaizvo zvichaitika. Vanhu vakakosha ava vachafa zasi ikoko, senhunzi. Vanotanga kumukira hurumende, vose vachena nevatema vacharwa zvakare, uye vofa senhunzi. Zvino munowanei mushure mokunge zvapera? Boka revanhu vakafa.

¹⁴⁵ “Asi pakasimuka farao akanga asingazive Josefa.” Chinhu chimwe chetecho nhasi, pane munhu asimuka zvino ndokutora mhiko mu—muWhite House, uyo asiri kuzopika kumhiko yake, asiri kuzotora mhiko yake yokuti anotenda murusununguko rwekunamata.

¹⁴⁶ Ko uyu papa mutsva ari kuti kudini? Mumwe...Zvinhu zvina zvaainazvo. Chimwe chazvo, ndechekubatanidza maProtestanti nemaKatorike pamwe chete. Zvino kumunhu wenjere, ndicho chinhu chokuita. Asi maererano neBhaibheri, ndicho chinhu chisingafanirwe kuitwa. Uye Bhaibheri rakati vachazviita.

¹⁴⁷ Ngatiendei mberi zvisoma. Panguva ino, Ramesesi, muEgipita, akanga ari kukura. Simba rake riri kukura. Munhu wenyama, Ramesesi, akanga ari kukura.

¹⁴⁸ Munhu wenyama, antikristu, ari kukura zvino. Kubudikidza nezvematongerwo enyika, atove kare kuWhite House. Mune zvokunamata, aita kuti vanhu vose vavhiringike, kusvikira zvezvirokwazvo vachazvigamuchira. Uye vakuru vemasangano, chaizvoizvo chechi yose iripo munyika, itorimo nechekare mumubatanidzwa wemachechi. Ramesesi ari kukura. Uye vose vari kubatana pamwe chete, uye ndizvo zvavachava nazvo. Uye zvinoitei? Zvinogadzira simba, chikara chakafanana nechekutanga.

¹⁴⁹ Zvino pane kutambudzwa kuri kuuya pane avo vose vasiri kuzobatana nacho, uye nokuramwidzana. Nguva panenge pachisina zvino. Unenge watotora munembo. Usati, “Ndichazozviita ipapo.” Zviri nani uzviite iye zvino. Ramesesi akanga ari kukura.

¹⁵⁰ Asi rangarirai, apo Ramesesi akanga ari kukura achitora simba rekutonga, muEgipita, Mwari vakanga vaina Mosesi murenje. Akanga ari kukurawo, zvakare. Ramesesi akanga aine hurongwa hwezvematongerwo enyika. Mwari vakanga vaine hurongwa hwepamweya, pasi pemuporofita, akanga akagadzirira kudzika zasi, kunotaura nevanhu.

151 Vari vaviri vari kukura zvino. Achange ari mangange, rimwe ramazuva ano. Nguva yacho haisi kure apo pachauya mangange. Sezvapaniyama... Sokutaura kunoita Gwaro, “Zvepanyama zvinofananidzira zvepamweya.” Haukwanise kubva pazviri. Hezvoka. Zviri chaipo pamberi pemeso enyu. Ichokwadi. Tarirai Chechi zvino, iri kudanira kunze, iri kuuya musimba. Mweya Mutsvene uchidzika pasi, zvakavanzika zvaMwari zvichizarurwa uye zvichiiswa muhurongwa. Maona? Uye ipo pano chaipo, atori nechekare muWhite House. Zvino Chechi iri kuZviunganidza pamwe chete, ameni, kwete sangano; kubva muhusungwa hwekusarurama, kure nevaAmori, vanhu vakasununguka. O!

152 Mwari vakanga vaina Mosesi, uyo aizova muporofita waVo. Kunyange akanga atoporofita kare, uye zvikaratidza kuti akanga ataura chokwadi, asi zvakadaro akanga ari muchikoro chemurenje, akavanzwa kubva kunyika yose. Asi akafundiswa, ndokudzidziswa, kunze uko murenje.

153 Vavengi vanopa zano, nguva dzose, hurongwa hwake. Uye kusatenda kunozvigamuchira, nokuti muvengi ndiye chiratidzo chenjere.

154 Zvino, rangarirai, panongori nevaviri. Musazvikanganwe. Panongori nemasimba maviri. Rimwe isimba repamweya, reMweya Mutsvene. Rimwe racho ndidhiyabhore, achishanda nesimba renjere. Nokuti, ndipo paakapinda napo, mubindu reEdheni, kubudikidza nemasimba enjere, kuita kuti Evha atende mukunzwiswa kwenjere, zvichipesana neShoko. Zvakanyatsojeka zvachose, vana vanogona kuzvibata. Maona? Maona? Uye ndizvo zvazvagara zvakaita, nzira yose zvichidzika.

155 Hezvinoi izvi, muEgipita, mangwanani ano. Pane simba renjere riri kushanda munaRamesesi, richimuunza kuhutongi. Uye rikamusimudza, uyo asingazive rusununguko kurega izvo zvakaitwa naJosefa, izvo zvakaitwa nechechi pakutanga.

156 Uye zvino tinoona chinhu chimwe chete, simba rekushandisa njere riri kudzengerera mumachechi, uye rasimuka kusvika kumusoro kune wezvekunamata asina basa nezvakataurwa neBhaibheri. Vane hurongwa hwavo pachavo. Hazvisi izvo zvakataurwa neBhaibheri. Ndeizvo zvakataurwa nechechi. Zvino maProtestanti vakapindawo mazviri, kusvikira mapoka avo maduku, serino, “Zvakanaka, chokwadi. Zvakanaka, ndinoziva kuti Rinotaura *Zvakati*, asi ndinokutaurira, mazuva iwayo akapfuura.”

157 “Mufananidzo wehumwari, uye vachiramba simba.” Gwaro rose muBhaibheri rinonongedzera ikoko.

158 Zvino munoona kuti sei ndiri kuda kutepa izvi zvino ndozvitumira kuvanhu. Nguva yasvika. Chokwadi chinofanira kuzivikanwa. Eksodho yave pedyo. Maona?

159 Chi—chikamu chezvenjere chinoratidzika zvakakwana. Uye chakakwana, chakanyatsonanga; asi, chakakwana, kufemera kwaSatani.

160 Uye zvino, nguva dzose, apo, uyu Ramesesi wezvenjere akanga ari kukura ari kuuya pachigaro cheushe. Uye rangarirai, akarerwa semukoma waMosesi, munoona, mukoma waMosesi. Mumwe wavo aifanira kutora chigaro chezvenjere, sezvakaita Josefa kuvakoma vake. Zvino chii chavakaita naJosefa muduku? Vakamudzanga kubva muShoko. Shoko ndiMwari. Zvino vakadzinga Shoko, ndokugamuchira chitendwa. Zvino chitendwa chakura kusvika pasimba.

161 O Mwari, regai vanhu vazvione! Ko ndingashandisa sei rimwe inzwi? Ko ndingawedzera kuzvijekesa zvakadini neMagwaro, pasi pokufemera kweMweya Mutsvene, kuti tiri pano?

162 “O,” munoti, “zvakanaka, zvino, dai zvakabva kuna Pope John, kana Pope *Nhingi-nhingi*, kana Bhishopi *Nhingi-nhingi*!”

Munoona here kuti Mwari vakatora mugari wemurenje muduku, asingazivikanwi?

Moti, “Ko zvingazotsauka zvose sei?”

163 Mwari vanoshanda nemunhu mumwe chete, kwete nemapoka. Nemumwe chete; Mwari vachitora waVo—waVo, vachitora waVo. Chinhu choga chaVaifanira kuve nacho aingori munhu mumwe chete waVaigona kushanda naye. Ndizvo zvoga zvaVanoda mumunhu mumwe chete. Vakaedza kuva navo, nemumazera ose. Dai Vaigona kuwana munhu mumwe chete! Vakawana munhu mumwe chete mumazuva aNoa! Munhu mumwe chete mumazuva aEria! Munhu mumwe chete mumazuva Johane Mubhabhatidzi. Munhu mumwe chete bedzi ndiye waVanoda. Mumazuva evatongi, Vakaedza kutora munhu mumwe chete, Samsoni, ndokumupa simba guru kwazvo, asi akaritengesha kumudzimai ndokupofomadzwa. Muvatongi; handiti. Mwari ndiye Mutongi. Maona?

164 Munoona, nhasi, Vari kuedza kuwana munhu mumwe chete waVanogona kuisa ruwoko rwaVo, anotaure Chokwadi, anenge asingatye nacho, asinganyengereri, anenge asina kuomarara pazvitendwa; munhu mumwe chete waVagona kubata muruoko rwaVo uye nokuratidza kuti Shoko raVo ibenyu, uye kuZviratidza kuti vapenyu. Ndinotenda kuti Vanogona kuwana munhu akadaro agogadzirira. Ndinotenda. Ndinozvitenda. Ndinongori. . . kutenda Bhaibheri zvakakwana, kutenda kuti Vanokwanisa kumuwana, ndizvo chaizvo, uyo anozotaura Chokwadi.

165 Mushure mechinguva, tinoona kuti, mushure mekupfuura nemuzvikoro zvose izvi. Zvino tarirai. Muvengi anotaure chimwe chinhu, pfungwa yenjere, nokuti muvengi ari kushanda nepfungwa. Uye pfungwa inogara pasi yotanga kushandisa njere

pazviri, uye yoti, “Zvino, imbomira zvishoma. Handizvo here, kuti kanzuru. . .”

166 Ndakataura nemumwe murume pane rimwe zuva, zvino iye ndokuti, “Tarira, Billy!” Anoshandira Public Service Company, murume akanaka. Zvino akati, “Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu.” Ndokuti, “Uri muIrish.”

Ndikati, “Hongu, changamire.” Ndokuti, “Ini ndinoti nyarei nokuda kwazvo, asi, zvakadaro, ndiri.”

167 Zvino iye akati, “Zvakanaka,” ndokuti, “hauzive here kuti iwe chaizvoizvo, zvemazvirokwazvo unofanira kunge uri Mukatorike?”

168 Ndikati, “Ndiri, uh-huh, mukatorike wepakutanga, uh-huh.” Munoziva, Chechi yekutanga yaiva Chechi yekatorike.

169 Munoono kwayasvika, nhasi? Yakatangira paPentekosti, asi masangano akaiisa payave zvino. Tarirai, zvino Pentekosti yakanyatsodzoka ndokuita sangano, ndokuita chinhu chakaitwa neChechi yekatorike yekutanga. Uye vave kuda kutove kure sezvavari, sezvavaiva mumakore zviuru zviviri. Zvino makore makumi mashanu avaunza pedyo nokudaro. Maona?

170 Akati, “Hautende here kuti kana boka revane pfungwa dzekunamata,” hezvoka, “vakagara pamwe chete vagoonesana nepfungwa chimwe chinhu, uye boka rose rinogona kuwirirana, haufungi here kuti vanezenge zvishoma. . . Nokuti, ndinouya kuzokunzwa uchiparidza,” ndokuti, “asi handiwirirane newe.”

171 Ndakati, “Ndakati nzira yoga yaunokwanisa kuratidza kuti kuramba kwako kwakakwana, kuzviratidza neBhaibheri.”

Akati, “Bhaibheri harinei nechokuita nazvo.”

172 Ndikati, “Kwauri, Rinogona kushaya basa. Asi, kwandiri, Rine chose chokuita nezvazvo. Munoono, IShoko.”

173 Zvino iye akati, “Haufungi here kuti boka revanhu vane pfungwa dzekunamata vakagara pamwe chete, vanogona kuve zviri nani, uye nokuva nechokwadi chokunge vari mugwara, pane mumwe muchinda muduku, asina kudzidza sewe pachako?” Ndakati. . . “Zvakanaka,” ndokuti, “une basa rei rokutaura chimwe chinhu uchipesana nebhai-. . . kana uchipesana nechechi yedu—yedu? Apo, pakambova, kudzika nemuzera rose, pavakava nekanzuru yekutanga yechechi, sokutaura kwawaita, ipapo pane umwe usiku, takazvinzwa, mazera echechi, zvekanzuru yemubatanidzwa wemachechi ichiungana paNicaea, Rome, zvino ndokugadzira chechi yeRoma Katorike.” Ndokuti, “Hauzive kwaiva nezviuru zvevarume, vemweya, varume vakatumwa naMwari vakanga vagere mukanzuru iyoyi? Uye haufunge here kuti pfungwa yavo iri nani pakuziva kuda kwaMwari, pane yako zasi kuno, mushure mokunge Mwari varatidza nemuzviuru zviviri zvevakore kuti chechi iri pachokwadi?”

¹⁷⁴ Ndakati, “Havana kumbozviratidza.” Ndikati, “Kana chechi iyi iri Chechi yaMwari, regai tiione ichiita sezvakaitwa neChechi yokutanga zvino. Regai tiione ichiita zvinhu zvavaiita pakutanga. Apo, kunyange Bhaibheri rinotaura, kuti, ‘Hakuna kana katsanga kana vara rimwe chete richakundika kwaRiri.’ Zvino Akati, ‘Ani naani achabvisa Shoko rimwe chete kubva pane iZvi, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichabviswa,’ zvisinei kuti iecumenical council kana chero zvachingava, ‘kubva muBhuku reHupenyu.’ Apera basa.”

Akati, “Billy, uri kungokanganisa.”

¹⁷⁵ Zvino ini ndakati, “Zvakadaro, ndinofungidzira, pane imwe nguva Israeri ine chimiro chikuru, pavakanga vapatsanuka sezvakaita maProtestanti nemaKatorike nhasi, Israeri yaida kuramba iri Israeri.” Asi ndakati, “Takazona kuti vaiva namambo ainzi Jehoshafati, murume akarurama uyo akaedza kuchengeta mi—mi—mirairo yaMwari. Asi vaiva nemumwe kune rimwe divi kuno ainzi Ahabhu, uyo akarooro mumwe mudzimai, zveinatongerwo enyika, achiedza kuwana hushamwari neimwe nyika, zvino ndokuroora mumwe wevanasikana vavo, Jezebheri, zvino ndokuuuya naye, zvakare, pakati pevanhu vaMwari.” Chinhu chimwe chete chatiri kuita, uye nokuunza mukati. “Zvino akava mutongi; achiita kuti Ahabhu ataure *zvakati*, uye nokuita kuti Ahabhu ataure *zvokuti*.” Chinhu chimwe chete chavari kuita zvino. Zvino ndakati, “Mangange akauya.”

¹⁷⁶ Vaida kubatanidza machechi maviri aya pamwe chete, sezvavari kuedza kuita zvino. Uye—uye kuna Ahabhu... Uye kunyange Jehoshafati, munhu wemasangano, akati, “Hongu. Zvichange zvakanaka. Vanhu venyu vanhu vangu. Tose tiri Makristu. Tose tiri vatendi. Ngatiuyei pamwe chete.” Asi paakasvika pamangange, akati, “Haufunge here kuti tinofanira kuenda kumunamato pamusoro pazvo? Tinofanira kubvunza kunaShe.”

Zvino iye akati, “Hongu,” akadaro Ahabhu.

Saka akati, “Rega ndikutaurire. Ngatiwanei muporofita waJehovha.”

¹⁷⁷ Asi, muri kuona, Ahabhu akanga aine hurongwa hwaafunga kuti hwaive hwaShe. Akati, “Ndine mazana mana avo, vakafunda uye vakadzidziswa.” Uye vanoti ivo vaporofita vechiHebheru, sezvinoita mapoka evashumiri nhasi uno.

¹⁷⁸ Zvino vakavaunza kunze, ndokuvabvunza mubvunzo zvirima—maererano nemaperero aizaita hondo. Zvino vose vakauya pamwe chete ndokubatana, sezvinongoitwa neecumenical council nhasi, zvino vakauya nemubvunzo. “Endai ikoko. Ishe anemi, nokuti chokwadi chaizvo nyika iyi ndeyedu. Zvino todzinga vaSiria kubva imomo, kana vaFiristia. Tovadziringira kunze, nokuti nyika yacho ndeyedu.” Zvinoita sezvinhu zvakanaka kwazvo. Maona?

179 Asi, zvakadarwo, pakadzika mukati memoyo waJehoshafati, hazvina kudairira zvakanaka. Akati, “Ndinoziva kuti une vashumiri vemubatanidzwa mazana mana vakadzidziswa zvakanaka ikoko. Uye vose vari muhumwe, kusvikira vakagadzira nyanga mbiri dzesimbi zvino ndokuti, ‘ZVANZI NAJEHOVHA.’ Asi hatigone here kungwana mumwezve?”

180 Akati, “Regai mambo vasataure kudaro,” munhu wezvematomongerwo enyika akadarwo. “Regai mambo vasataure kudaro, nokuti varume ava varume vakadzidziswa. Ndakavadzidzisa, ini pachangu.” Ndizvozvo. Maona? Ndizvozvo. “Ndakavadzidzisa varume ava. Asi, pane mumwezve, asi ndakamuvenga.” Maona? Ndokuti, “NdiMikaya, mwanakomana waImura, asi,” ndokuti, “Ndakamuvenga. Hapana zvaari kunze kwekungove mupanduki pakati pavo. Anogara nguva dzose achingovatsiura. Anogara nguva dzose achindiudza kuti ndakatadza. Tarira humambo hwangu.” Hongu, utarise, ona nyonganyonga yahuri mairi.

181 Onai sangano renyu, nhasi, “Vaine mufananidzo wekunamata asi vachiramba simba racho.” Maona? O, munogona kunge makawanda zvakadarika nemiriyoni, uye zvakadarika nechiuru, uye muine varume vakadzidziswa zviri nani, asi muri papi muMweya? Simba rako riripiko, raiva muna Samsoni, paakanga akamira ipapo, sezvandarukataura pane rimwe zuva? Nechimiro chake chose chaive chakakura, uye nyama dzose dzirimo imomo, asi pasina Hupenyu imomo. Mweya wakanga wamusiya. Akanga asisagone kuzvibatsira. Kamwana kaduku kachimutungamirira kwese-kwese; meso akapofomadzwa, nokuda kwemumwe mukadzi. Ndizvo zvimwe chete zviriwo chechi, nhasi, ichitungamirwa nezvematomongerwo enyika, mabhishopi, vakuru-vakuru, uye nezvimwe zvinhu zvose zvakasiyana. Varume vachiita zvose zvanogona, kuti vawane kubudirira, nezvimwe zvose. Ko tave papi? Saka kana tichinge tasvika pachinhano ichi . . .

182 Vakatumwa ndokunotorwa Imura, kana uyo . . . kwete Imura; asi Mikaya, mwanakomana waImura. Vakatumwa ndokunomutorwa. Zvino akaporofita akavaudza kuti Ahabhu akanga ari kuzouraiwa kana achinge aenda ikoko.

183 Achibhishopi uya akamuwatsura nembama pamuromo. Akanga akatendeka nezvazvo. Akati, “Ko Mweya waMwari waenda kupi paWabva pandiri?”

Ndokuti, “Muchaona.” U-huh. U-huh.

184 Ndokuti, “Muisi mutirongo. Muisi mujeri remukati-kati. Mumudyise chingwa chekusuwa, nemvura dzekusuwa. Uye kana ndichinge ndadzoka murugare,” ndokuti, “ndichashanda nemuchinda uyu.”

185 Zvino, Imura, achiziva kuti akanga ari akarurama kuna Mwari! Sei? Chiratidzo chake chaienderana neShoko. Akanga

ari muporofita. Uye mweya wake nechiratidzo chake zvakanga zvichienderana nemazvo nemuporofita, Eria. Akati, “Kana mukadzoka, zvachose, zvinoreva kuti Mwari havana kutaura neni.”

¹⁸⁶ Zvino, ndakati kumuchinda uyu, “Ndeupi akanga ari pachokwadi, ecumenical council apo varume vakasanangurwa mazana mana vakagara pamwe chete, vakasarudzwa nevanhu, kana kuti mumwe mupanduki mumwe chete muduku akasarudzwa naMwari?”

“Zvakanaka,” akati, “zvakanaka, ko unozoziva sei mutsauko?”

¹⁸⁷ Ndakati, “Dzokera kuPrani!” Ko tingaziva sei mavakirwo echivakwa kunze kwekunge paine prani?

¹⁸⁸ Dai vainge vakamira zvishoma, zvino voona kuti muporofita uya, Eria, akatuka Ahabhu, uye ndokuti, “Imbwa dzaizonanzva ropa rake.” Uye dzakazviita. Ko aizogona kuropafadza sei izvo zvakanga zvatukwa naMwari?

¹⁸⁹ Ko ungaropafadza sei chero chinhu chakatukwa naMwari? Budai kubva muchinhu chacho. Enda kure nacho. Uya muna Kristu. Amen.

¹⁹⁰ Zvino cherechedzai. Asi, muvengi ane zvaachakutaurira. Muvengi ane chinhu chaachataura, zvigadzirire, uye pfungwa yenjere inoti, “Ndizvo chaizvo.”

¹⁹¹ Ndipo paiva nehama yakakosha iyi. Murume uyu, akati, “Zvinoita sokunge. . . Tarirai pano. Munoziva, kuti, kana isu tose tikange tiri pamwe chete, sechечи imwe chete, haufunge kuti tinenge tiri zviru nani kudarika kupararira kwatakaita zvino?”

¹⁹² Hazvinzwike here sokunge zvakanaka, kana ose maProtestanti nemaKatorike vaigona kuuya pamwe chete zvino vosvika panzvimbo yavanogona kuwirirana? “Asi vaviri vangafamba sei pamwe chete kunze kwekunge vachiwirirana?” Ko mungazviona sei, apo rimwe boka *pano* risingatendi mukupodzwa, *rimwe* racho richiti rinotenda, *rimwe* racho rinozviisa munguva dziri kumashure? Vamwe havatombotendi Bhaibheri. Zvino ungaisa ava pamwe chete, chii chaunwana? Mwari havasi muvambi wenyonganyonga.

¹⁹³ Mwari vasati vatomboisa Chechi yaVo muhurongwa, vakamirira kwemazuva gumi neusiku, kusvikira vave “panzvimbo imwe chete, vari muhumwe.” Zvino kwakauya Mweya Mutsvene kuzotungamirira, kwete imwe ecumenical council. Maona? Ndine tariro yokuti mazvibata. Cherechedzai.

¹⁹⁴ Ndiye munhu asingatendi, asina kutendeka kuShoko raMwari, asingacherechedzi zvinotaurwa neShoko, asi anocherechedza zvaanofunga. Ndizvo zvakaitwa naEvha, pakutanga. Akavimba nekushandisa njere.

¹⁹⁵ Satani akati, “Zvino, ona pano apa. Hazvisi zvinhu zvine musoro here? Ndinoziva kuti Shoko rinotaura *Izvozvo*. Asi, mira zvishoma, hazvina musoro here kuti—kuti unenge wave zviri nani kana ukaziva chakanaka nechakaipa?”

“Handiti, hongu.” Zvino ndokubva autora. Ichokwadi.

¹⁹⁶ Ndizvo zvazviri nokushandisa njere. Zvino, kusatenda kunoenda nguva dzose pakushandisa njere, asi kutenda hakumbodzibata.

¹⁹⁷ Hazvainge zviine musoro here kuna baba vedu; uyo anova iye baba vokutenda kwedu, Abrahama, kuti tiri vake kubudikidza “tiri munaKristu.” Hazvainge zviine musoro kuti mudzimai ane makore makumi matanhatu nemashanu okuzvarwa, uyo waakanga agara naye, nguva dzose kubvira achiri musikana, haana kukwanisa kuita mwana? Zvino paakanga ava nezana remakore, kana makumi mapfumbamwe, uye iye aine zana, kunyange zvakadaro pasina mwana. Hazvaiva nemusoro here, rimwe boka ravanachiremba nezvesainzi vakaongorora Sara? Voti, “Handiti, chibereko chake chakaoma. Tsinga dzemukaka dzakaoma, makore makumi mana akapfuura. Moyo wake, pazera iri, haakwanise kupinda mumarwadzo ekuzvara.” Handiti, kunongori kushandisa njere.

¹⁹⁸ Asi Abrahama akazviramba. “Haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nokusatenda. Zvichipesana nokushandisa njere, haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, zvisinei kuti zvaivei. Nokuti a—akanga agutsikana kuti Mwari vanokwanisa kuita zvose zvaVakati Vaizoita.”

¹⁹⁹ Zvino, ko varipi vana vaAbrahama mangwanani ano? Imi vashumiri munotyira, chingwa nemvura yenyu, mumugwagwa, kana mukasiya Bhabhironi iri. Ko kutenda kwenyu kuripi? Dhavhidhi akati, “Ndakambenge ndiri muduku, asi zvino ndakura. Handisati ndakamboona vakarurama vachisiwa vakadaro, kana Mbeu yaKe ichipemha chokudya.” Musambotya. Garai makatendeka kuna Kristu.

²⁰⁰ Asi kusatenda kunobata kushandisa njere. Ndizvo zvakwakaita. Zvino mazvibata? Kusatenda kunobatirira pakushandisa njere, zvinhu zvamazuva ano. Kutenda hakuzviiti.

²⁰¹ Kutenda kunotarisa kuShoko. Asi kutenda kunozviisa pachako paDombo risingazungunutswe, Shoko raMwari reKusingaperi. Amen. Kutenda hakutarise pakushandisa njere. Handina basa kuti unogona zvakadini kuratidza kuti zvinozova zviri nani. Kana Shoko rikati “kwete,” kutenda kunozorora ipapo. Ndiyo nzvimbo yehugaro hwekutenda.

²⁰² Ndinoda kukubvunza iwe muLutherani, mangwanani ano, imi maBaptisti, newe muKatorike, newe iwe, chero zvauro, imi vanhu vemumasangano pasi rose. Ko ungaisa sei kutenda kwako pasangano rako, apo iro richipesana neShoko? Une kutenda

kwemhando yakaita sei? Une simba renjere, kwete kutenda. “Nokuti kutenda kunouya nokunzwa,” kunzwa ecumenical council? Ungafe here. . . Zvakanzi, unogona kuzviwana izvozvo muOld Ladies Birthday Almanac, asi haufe wakazviwana muShoko raMwari.

²⁰³ “Kutenda kunouya nokunzwa, uye nokunzwa Shoko raMwari.” Ameni. Ndiudze munhu mumwe chete anogona kutaure chimwe chinhu chinopikisana naZvo, anoti iShoko raMwari. Apo, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko iri haripfuuri.”

²⁰⁴ Kutenda kunotora Shoko senzvimbo yako yekuzororera. Kunokwira kuenda pamusoro chaipo peDombro Rokusingaperi, Kristu Jesu, Shoko, zvino rorara ipapo rozorora. Regai mhepo dzivhuvhute. Regai madutu azunguze. Kwakachengeteka, nokusingaperi. Kunozorora ipapo chaipo paShoko iroro. Ndipo apo kutenda, kutenda kwechokwadi kweChikristu, kunozorora. Nzvimbo yekuzororera iShoko, nokuti Rinoziva kuti Mwari vanozviratidza pachaVo kuti vakurusa, pamusoro pemhandu dzaVo dzose. Hazvinei kuti zvinoratidzika kuve zvakaipa zvakadini, uye kuti muvengi apinda zvakadini, uye zvichiratidzika sokunge wakundwa, kutenda kunoramba kuchiziva.

²⁰⁵ Zvino, kunemi varwere, o, ndiri kuda zvakadini kunyatsozvirovedzera! Kana uchinge wabata kutenda uku, kwekuti uri kuzopora; zvose—zvose zvimhingamupinyi, nezvimwe zvose, zviratidzo zvose, manzwiwo ose anogona kuratidza kuti uri kufa, haumbotsukunyuki! Nzvimbo yako yekuzororera uri muhugaro huri muShoko raMwari, apo kutenda, kutenda kwechokwadi kunogara ipapo. Kwete kutenda kwekabanga; zvino. Kwete tariro; asi kutenda. Tariro iri kunze kuno *uku*, ichtarisira kupinda. Kutenda kutori mukati nekare, kuchitarisa kunze, zvino kuchiti, “Zvatoitika.” Maona? Ndiko kutenda. Ndipo apo kutenda kunotora nzvimbo yako yekuzorora, nokuti kunoziva kuti Mwari havazombofi, vakaita kuti muvengi aende pamusoro paVo. Havasati vambozviita. Kutenda kunozviva izvozvo, saka, zvisinei kuti chinhu chacho chinoratidzika zvakadini.

Noa akaziva kuti areka ichagara pamusoro pemvura. Maona? Yakazviita zvezmazvirokwazvo.

Dhanieri aiziva kuti Mwari vaigona kuvhara muromo weshumba.

Vana veChihebheru vaiziva kuti Mwari vaigona kumisa moto.

²⁰⁶ Jesu aiziva kuti Mwari vaizoMumutsa zvakare, nokuti Shoko rakati, “Handizosiya mweya waKe mugehena, uye haNdingaregi Iye Muzodziwa waNgu achiona kuora.” Aiziva kuti kuora kunouya mumaawa makumi manomwe nemaviri.

Akati, “Mukati memazuva matatu Ndichamuka zvakare.” Maona? Kwakatora nzvimbo yako yekuzororera yeKusingaperi muhugaro hweShoko raMwari, zvino ndokumirapo.

²⁰⁷ Kushandisa njere kunoedza nokukwanisa kwese kucherechedza, “Zvakanaka, *iyi* nzira iyi inofanira kunge iri nani. *Iyi* ndiyo yaCho.” Inoratidzika zviri nani nokuda kwekuti wakatarisa nepfungwa yenjere. Unogona kuratidza kushandisa njere.

²⁰⁸ Asi haukwanise kuratidza kutenda. Nokuti, kana ukagona kukuratidza, kunenge kuchisiri kutenda. Asi kutenda kunongoziva Shoko bedzi nevimbiso, uye kunotarisa kune chinhu icho chausingaone. “Kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa, nechiratidzo chezvinhu zvisingaoneki.” Haukwanise kushandisa njere. Handikwanise kuratidza kuti zvichazoitwa sei. Handizive kuti zvichaitwa sei. Handizivize, asi ndinozvutenda. Ndinoziva kuti ndizvozvo, nokuti Mwari vakataura kudaro. Zvatopedzwa.

²⁰⁹ Ndicho chikonzero ndichiziva kuti iZvi ndizvo chaizvo. Ndinoziva kuti Shoko ndiro chairo. Ndinoziva kuti Mharidzo ndiyo chaiyo, nokuti iRi muShoko. Uye ndinoona Mwari mupenyu vachifamba maIri, vachiratidza. Tiri mueksodho, chokwadi zvezmazvirokwazvo.

²¹⁰ Kunyange rufu pachezvarwo harukwanise kuzunguza kutenda. Varume vanongomira mukati chaimo merufu, mukati... vakanyatsotarisa nerufu, zvino vodanidzira kukunda kwerumuko. Pauro, “O rufu, rumborera rwako rwuripiko? Guva, kukunda kwako kuripiko?” Maona? “Nokuti, Kristu akamuka, uye vose vari muna Kristu vachauya pamwe chete naYe paKuuya kwaKe.” Maona? Hazvighoni kushanduka. Hongu.

²¹¹ Kutenda kunoita Shoko raMwari nzvimbo yehugaro hwako hwezororo rako reKusingaperi. Kunogara muShoko raMwari. Cherechedzai, zvakare.

²¹² Zvino, tichine imwe nguva shoma zvakare, kuda maminitisi makumi maviri nemashanu, kana imi—kana imi musina basa nazvo. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndi—ndinoda kuenderera mberi netepi ino, kwechinguvana.

²¹³ Cherechedzai mambo, mambo mutsva akauya, akanga asingazive Josefa. Nderipi raive zano rake rokutanga, rekuparadza simba reIsraeri? Raive pavana vavo. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Akaedza kuparadza vana vavo. Zvino nyatsotererai. Dhiyabhore mumwe chete, ari mune imwe mhando yehumambo, akaedza kuparadza Mwanakomana waMwari oga. Maona? “Paradzai vana, kutanga, vasati vawana zvatatanga kuita.” Dhiyabhore ishiri yakangwara kwazvo, ine mano. Anoziva kurova chinhu chacho chisati chatanga. Anozviziva. Maona?

²¹⁴ Chinhu choga chaunongogona kuita, kumukunda, kuvimba naKristu, uye wozvininipisa zvino woMurega achikutungamira. Maona? Hauna imwe nzira yaunokwanisa kuzviita. Simba rako rekushandisa njere harigoni kuzviita. Unofanira kuzvitenda. Ingovimba naYe. Iye ndiye Mufudzi. Harisi basa remakwayi kudzinga mhumhi. Ibaso remufudzi. Asi makwayi anofanira kugara nemufudzi, kuitira kuti agare akachengeteka. Ndiyo nzvimbo yangu yandinogara ndakachengeteka, iri muna Kristu; uye Kristu iShoko. Ndiyo nzvimbo yakachengeteka.

²¹⁵ Cherechedzai. Dhiyabhore, ari muchimiro cha—chaRamesesi, mambo, chinhu chokutanga chaakaita kwaiva kuparadza vana, nerufu rwepanyama. Zvino Mwanakomana waMwari paakangoberekwa. . . Akanga abva kuEgipita, nokuti Mwari vakaparadza Egipita, ndokuituka. Haina kuzombodzoka kuva zvayaive, kubvira ipapo. Zvino akanga ave muRome; Satani akaendesa chigaro chake—chake kuRome. Zvino chinhu chokutanga Rome chayakaita, kuzviparadza zvose, kuwana, kuva nechokwadi; dhiyabhore, muhurongwa hweRome, akaedza kuparadza (chii?) Mwanakomana waMwari, pakutanga. Dhiyabhore mumwe chete!

²¹⁶ Zvino, nhasi, aita chinhu chimwe chete, pasi pechiratidzo chemweya zvino, chezvinamoto, chinopupura Chikristu, uye vachitora vasikana vedu vachivaroodza kuvakomana vechiKatorike, zvino vovaita kuti vakudze vana vavo vari maKatorike, kuti vaparadze simba rekune rimwe divi. Heroka iro dhimoni renyu. Heunoi uyo dhiyabhore wenyu akagara pazvikomo zvinomwe, akapfeka korona iri muhutatu, angori nehunhubu nemano, akangwara, akachenjera senyoka; mbeu yenyoka, vana vake, vachishandisa mano mamwe chete enjere. Tarirai.

²¹⁷ Zvino vakauraya vana, panguva mbiri dziya. Vakauraya vana nechii? Kaviri. Zvino rangarirai, tarirai kaviri aka, uye zvino kechitatu. Maona? Akauraya vana, panguva mbiri dzekutanga, nerufu rwepanyama. Zvino nguva ino yokupedzisira, ari kutora vana oauraya nerufu rwepamweya, achiroodza, achiroodza nevamwewo vekumwe.

²¹⁸ Ko Dhanieri haana here kutaura chinhu chimwe chete, muhumambo huno wedare nevhu, kuti vachasanganisa mbeu, kuedza kuparadza simba revamwe vanhu? Uye ndizvo zvavari kuita, kusvikira vave nechinhu chacho zvino. Vave nemutungamiri wenyika. Zvino, chinhu chinotevera chaunofanira kuita, kuisa—kuisa mukadhinari imomo. Kuisa makurukota ehurumende ose imomo, zvino zvadaro chii chauchazoita?

²¹⁹ Chinhu chinotevera chavanoita, vanотора mari yavo uye—uye vobhadhara chikwereti cheUnited States, zvino voikwereta kubva kuchechi, zvadaro munenge matotengwa zvachose.

Zvino, tiri—tiri kurarama nhasi, tichibhadhara zvikwereti zvekune dzimwe nyika ikoko, nemari yemutero ichange isati yabhadharwa kusvikira makore makumi mana apfuura. Hatichisina mari. Asi chechi ndiyo inayo. Ko Bhaibheri hairiti here, “Akanga akashongedzwa nendarama”? Uye, o, ini zvangu! Asi iwe. . .

²²⁰ Ndiwo maitiro ainozviita nawo, munoona, kuroodza vanasikana venyu, vasikana voroorwa nevanakomana venyu, vokudza vana venyu vari maKatorike, ndizvo chaizvo, vovauraya nerufu rwepamweya. Ko Bhaibheri harina here kutaura, kuti, “Achamukandira mumubhedha wezvenyika, nokuuraya vana vake nerufu rwepamweya”? Zvakazarurwa 17. Maona?

²²¹ Rinogara nguva dzose riri Shoko. Handina basa nekwaunoenda, rinoramba riri Shoko. Rinofanira kukwana mumufananidzo. Kana rikasadaro, harisi Shoko, harisi Shoko. Ukasakwanisa kuriita kuti ripfuure nemuBhaibheri rose, zvadaro rinenge rakatsveyama.

²²² Tarirai. Panguva ino, Mwari vakanga vari kudzidzisa muranda waVo pabasa rake. Vachimudzidzisa, kure nemeso avo, kunze kwemazano avo, hurongwa hwavo. Muri kuzvibata here? Kunze kwehurongwa hwavo hwemasangano, Mwari vakanga vari kudzidzisa munhu kuitira kuchinangwa chaVo. Vakangorega zvichienda mberi. Ndokumurega achiroora, uye ndokuva nemudzimai nevana vake, mwana Geshomu. Akanga ari kurarama hupenyu hwakanaka kwazvo, vachimuropafadza kunze ikoko. Asi, nguva dzose, Vakanga vari kumugadzirira, vachimudzidzisa.

²²³ Mwari nemuvengi waVo vakazviita, panyama zvino, sezviri kungoitwawo naMwari nemuvengi waVo pamweya zvino. Vakavauraya nerufu rwepanyama; iye zvino nerufu rwepamweya. Maona? Mwari vakanga vari kugadzirira munhu wepanyama, muporofita waVo, kuenda zasi kuEgipita. Uye Satani akanga ari kugadzirira Ramesesi, munhu wake wepanyama, maona, achigadzirira munhu wepanyama (chii?) kuti auraye zvachose, kana kuti abatanidze vaEgipita nevaHebheru pamwe chete, ovaita kuti varambe vachivashandira.

²²⁴ Ndosaka zvakaoma kwazvo kuti pfungwa ifunge zvinopesana nehurongwa hwedzidzo hunokwanisa kuratidza zvahuri kutaura. Maona? Ndizvo chaizvo. Pfungwa yayo ichangoramba nguva dzose ichienda kune zvedzidzo. Vananyanjere nevanoshandisa pfungwa havatomboRioni.

²²⁵ Makamboona here *Ten Commandments* ya Cecil DeMille? Ndinofungidzira kuti vakawanda venyu makaiona. Handitendi kuenda kumabhaisikopo, zvinhu zvose izvi. Asi ndakakurudzira chechi, kuti chero ani hake, kana vakasawana rimwe kunze kwairori, avo vangada kuriona, zvinenge zvakanaka

kana vachida kuriona. Nokuti, handingarega. . . Kutanga, dzimwe hama dzangu dzakaenda. Vakauya, vakandiudza. Handina kumboenda kune rimwe kwemakore. Pakupedzisira, ndakadzikako, parakanga riri panzvimbo iyi pamunoonera muri mumotokari. Ndakaritarisa. Ndikaona zvarakanga riri. Zvino ndakati kuchechi, “Kana muchida kuenda kunoriona, zvakanaka.” Hero iroka. Rakanga rakanaka, rakarurama.

²²⁶ Kuti sei mano aya adhiyabhore, kuti aiva nemanomano akadini imomo, mauiro a—aakaita imomo kuti auraye vana vaya. Uye kuti pfungwa yokushandisa njere yakazvitora ndokuzvitenda, nokuti vaigona kuzviona! Zvakanga zviine musoro. O, zvaiva Mwari, nguva dzose, vachidzidzisa muporofita wavo! Uye kuti Egipita yakanga iri kudzidzisa, mune zvevatongerwo enyika, Ramesesi uyu, kuti azotonga! Zvino mangange makuru akauya, rimwe zuva, pakati pesimba rekushandisa njere neremweya. Zvino Ramesesi, navanamwari vake vose, akanga akamira kunze uko achidurura mvura, ku—kuropafadza mwari weNaeri. Mwari vakamurova, uye ropa rakapfachuka richibva maari. Aiva ne. . . O, nda—ndakafunga kuti zvakanga zvichishamisa, maona, kuona zvakaitika. O!

²²⁷ Zvino tarirai. Vananyanjere vanoshandisa pfungwa nguva dzose. Uye haakwanise kuona divi rezvemweya, nokuti anoshandisa njere. O, hapana akagona pane nguva ipi zvayo! Havakwanise kuzviona zvino.

²²⁸ Havana kugona kuzviona mumazuva aEria. Ko uyu muporofita mutana ane chiso chine mazingebvu. . .

Mwari vandiregere nokuda kwekutura chinhu chakadaro. Asi ndi—ndinokanganisa. . . Uye Mwari vanoziva kuti ndiri kuedza kuzviita—kuzviita kuti zvive zvenhando sokugona kwandingaita, kuitira kuti mugoona Mwe—Mweya waMwari.

²²⁹ SaPauro akati, “Handina kumbouya kwamuri, nemashoko ekunyengera nehuchenjeri, nokuti pfungwa dzenyu dzinoenda kuhuchenjeri. Asi ndakauya nesimba reMweya Mutsvene, kuti yenyu—kuti tariro yenyu—yenyu—yenyu neruvimbo zvigozorora, kwete pahuchenjeri hwevanhu, asi pasimba rerumuko rwaJesu Kristu.”

²³⁰ Ndosaka ndiri kuzviita kuti zvive zvisina maturo zvakadai, pakudana muporofita mukuru, wehumwari, “ane chiso chine mazingebvu.” Nokuti, anogona kunge anga ari chi—chinhu chisingatarisike, kumira, padivi remuprisita akashonga zakanaka, zvino iye ozviti munhu waMwari.

²³¹ Mutarirei. Waigona kuona hutsvene hwemuprisita uyo, mupfungwa yenjere. Waigona kuona chishongo chaive chiri mumusoro wake, uye neiya yakasunamiswa. . . uye neefodhi iri *pano* pachipfuva chake. Waigona kuona mafuta ekuzodza, epanyama, pandebvu dzake, achimhanya achidzika kusvika kumipendero yehanzu yake. Waikwanisa kuona moto yezvipiriso

ichibvira, tsika dzose dziri muhurongwa. Zvino, ndizvo zvingadai zvakaenderwa nepfungwa zenyama.

²³² Ndzivo zvavari kuedza kuita nhasi, ziso, siwo remunhu wemukati. Asi, munoona, ziso remweya riri seri mukati meziso iri!

²³³ Vakatarisa mutana uyu airatidzika kuva nehukushe hwemvere, aine mvere pachipfuva chake; uye akazvimonedza nechibenga chakakura chedehwe regwai, chedehwe, aine bhanire muchiuno chake, aine, zvichida asina shangu mutsoka, maoko maduku akaondoroka, nyama dzakaremba pasi sezvizvi; uye nendebvu chena, dzakazara pachiso chake chose; nechimuti chakakonyara muruwoko rwake, akamira ipapo. Asi ziso remweya raigona kuona simba raMwari richifamba kunze uko, nokuti rakanga riri maererano neShoko. Kwete zvinoonekwa nenjere; zvinoonekwa neziso repamweya!

²³⁴ Uye zi—ziso repanyama, nhasi, rinoona chechi ine mukurumbira, nekuwadzana nameya weguta, kana—kana ani zvake, vari mune aya machechi emasangano. Uye vanotadza kuona simba reMweya Mutsvene, apo Rinogona kumutsa vakafa nekupodza varwere. Uye—uye—uye kuti. . . Maona? Ivo, vanotarisa, vanotarisa Hollywood, uye vanotarisa vanhu vari mumugwagwa.

²³⁵ Madzimai, nhasi, vanofunga, “Handiti, mudzimai *uyu*, Susie, ndewe kuchechi. Akagerwa vhudzi rake. Anopenda kumeso. Munhu wese muguta anomufarira.”

²³⁶ Handizive nezveKudenga? Maona? Kana zvichipesana neShoko, Mwari havazvitsigire. Ivo, Vanenge vachitsigira zvinovapikisa pachaVo. Vanenge vave kuramba Shoko raVo pachaVo. Uye ngazvizivikanwe, Mwari havafe vakaita zvakadaro, kunyange matenga nyenika zvikapfuura. Mudzimai akagera vhudzi chituko, mumeso aMwari, kana mudzimai anopfeka hanzu yakafanana neyemurume. Maona? Ziso remweya rinoZvibata; vanoraramira Hupenyu huchazouya. Pfungwa zenyama inorarama ichifunga zvinhu zvepanyama zvezuva rino.

²³⁷ Cherechedzai zvino, Mwari vari kuita izvi, kunyange zvakadaro vanhu havana kuzviziva. Pfungwa zenyama yaifamba nekushandisa njere. Mwari vari kudana zvino eksodho yepamweya. Apo paVakadana eksodho yepanyama yevanhu vaVo, Vari kudana eksodho yepamweya nhasi, kuna (ani waVo?) Vasanangurwa vaVo, kuvaSanangurwa vaVo bedzi.

²³⁸ Zvino, Egipita haina kugona kuona Israeri iri pachokwadi, kunyange ropa regwayana rakanga riri pamukova nepachikumbaridzo, nezvinhu zvakanga zviriri kuitika.

²³⁹ Uye Mwari zasi uko, vachifamba vari mumuporofita uyu, uye vachitora shoko remunhu. Vomuita kuti amirepo, zvino ota tsvi—tsvimbo yainge akazembera, zvino onongedzera

kumabvazuva, zvino oti, “Ngakuuye nhunzi, dzigomomotera vaEgipita.” Ndokudzokera hake.

Zvino munhu wese akati, “Hapana chaitika. Hapana chaitika.”

²⁴⁰ Asi muchinguva chishomanani, zinhunzi regirinhi rakatanga kubhururuka richitenderera. Mushure mechinguva, dzakanga dzave kuda mapaundi maviri panzvimbo yakareba nokupamhama yadhi imwe chete, nokuti munhu akataura zvisikwa kuti zvevepo.

²⁴¹ Paiva naRamesesi nyanjere akanga akamira ipapo, akanga achipikisa; munhu chaiye wezvokunamata, uye achipesana neMweya waMwari mupenyu. Zvino pfungwa yenyama yaingoona Ramesesi bedzi. Asi pfungwa yemweya yakaona vimbiso, uye ndokuiona ichizadzikiswa.

²⁴² Saka, kana Joshua naKarebhi vakati vaAmareki, nevaHivhi, nevaJebhusi, sokunge vakanga vasipo, asi vakakura zvakapetwa kaviri, kana katatu kana kana pane zvavaiva. Zvino pfungwa yepanyama, paKadheshi-bhanea, apo vatsori pavakanda mhiri ikoko, ndokuti, “Ah, hatikwanise kuzviita. Isu... Vaka—vakakurisa. Saka, tinenge—tinenge mhashu, padivi ravo.”

²⁴³ Asi Karebhi naJoshua vakaona vimbiso yaMwari, ndokuti, “Tinogona nokupfuurisa kuzviita.” Sei? Vakanga vakatarisa, “Mwari vakati, ‘Ndakupai nyika iyi.’” Maona? Pfungwa yenyama haizvione. Pfungwa yemweya inozvinhonga.

²⁴⁴ Uye sei? Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ko sei vaEgipita vasina kuona zvinhu izvi? Nokuti vakanga vasina kusanangurwa. Mwari vakaudza Abrahama zvisati zvaitika. Mazvibata, imi chechi yakavata! Mwari vakaudza Abrahama zvisati zvaitika, “Mbeu yako ichava vatorwa mu—muEgipita, kwemakore mazana mana, zvino Ndichazovaburitsa.” Ndicho chikonzero vakazviona, nokuti vakanga vakatamerwa kuzviona. Vaiva vasanangurwa. Israeri yakanangurwa kuona chiratidzo chaMwari, zvino vakabuda muEgipita uko kwakapararira vasingatendi.

²⁴⁵ Uye, nhasi, Mwari vari kudana Vasanangurwa vaVo, Mbeu yepamweya yaAbrahama, kubudikidza nokutenda kwaaiva nako muShoko raMwari. Hamuone here Mbeu yepamweya, nhasi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Havaone chechi yenjere. Inoona Shoko. Uye Iri kudana kubva mumasangano makuru aya, kupinda muHupo hwaJesu Kristu. Zvanga zvakajeka here? Mazvibata here? [“Ameni.”] Zvakanaka. Tichaenderera mberi. Vasanangurwa, bedzi!

Chiremba D.L.Ph., havaZvione. Havana kusanangurwa.

²⁴⁶ Uye, rangarirai, kusanangurwa uku, kuri kuuya zvino, hakungori kuenda kune imwe nyika, kuenda muKubwinya, uko mazita avo akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana. Kwete

pasi pekagwayana kaduku kepanyama, kamhuka kakaburitsa Israeri kunze, zvokuti vaigona kudzokera kumashure vobva vadzokera. Asi, iyi haikwanise. Iyi iri pasi peRopa reGwayana raMwari rakauraiwa nyika isati yavambwa. Uye mazita avo akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Uye vari imomo, vakasanangurwa. Zvino kana Chiedza chapenya pavari, saizvozvo, madziro emasangano anodonha achibva pavari, zvino hevanoi vachiuya. “Ibvai pakati pavo,” ndizvo zvinoreva Mweya Mutsvene mumazuva ano okupedzisira. “Musabata zvinhu zvavo zvine tsvina. Ndichava Mwari kwamuri; imi muchava vanakomana nevanasikana kwaNdiri.” Zvino, tarirai.

²⁴⁷ Israeri yakanga yakatarisa. Vaiziva kuti Mwari vanoshanda nevaporofita vaVo. Ivo... Shoko rinouya kwavari, zvino ivo vanouya kuzoRiona. Uye vakaRiona.

²⁴⁸ Zvino chiratidzo chenjere, tiri kuchiona zvino, kuti vari kutenda kumasangano avo. Vachiri muzvitendwa zvavo. Zvakadaro ivo... .

²⁴⁹ Sezvakanga zvakaite Bharamu, uyo akauya pamusoro pechikomo, apo paiva neIsraeri. Paiva neIsraeri, kwete nyika, vakanga vachingori vanhu vakanga vari kungombeya-mbeya, uye vaine mhosva. Zvino Moabhi, hama yavo, nyanjere, munhu aive muhurongwa, akakwira kumusoro kwechikomo, aine mubhishopi kana muporofita wavakanga vainaye, zvino ndokugadzira artari, ndokupirisa zvibairo zvakafanana. Asi akakundika kuona Shongwe yeMoto neDombo rakarohwa raive pakati peIsraeri.

²⁵⁰ Saka ndizvo zvazviriwo nhasi. Pfungwa yenjere yakanga yakatarisa kumuremekedzwa akanga akamira ipapo. Vanokundika kuona Dombo rakarohwa. Kunyange mubhishopi, pachake, anotadza kuona simba reMweya Mutsvene, kudanidzira kwaMambo mumusasa. Vanotadza kuzviona.

²⁵¹ Saka, ndizvo zvazviriwo zvakare nhasi. Mwari vari kudana vanhu vaVo vavakasanangura, uye vakasanangurwa izvozvi. Uye zvino vakasanangurirwei? Rumuko. Uye imhandoi yechiratidzo chaVari kuvaratidza? Chiratidzo cherumuko.

²⁵² Chii chaVakanga vari kuvaratidza kareko? Chiratidzo cherudzikinuro, kuvadzikinura kubva muhupapwa, chiratidzo chesimba rinokwanisa kupfiga matenga kana kuti matenga asvibe.

²⁵³ Uye zvino Vari kuratidza simba rerumuko rweMwanakomana waVo ari kurarama pakati pavo, kuvamutsa kubva muwiro iri nenzvimbo yemarinda iyo yatiri mairi, kuenda kuNyika yaVakativimbisa. Chiratidzo cherumuko, kudana kubva muEgipita yepamweya neBhabhironi repamweya, kuziva.

²⁵⁴ Regai nditaure izvi chinyararire zvino, kuti muzvibate. Vari kuzviita nehurongwa humwe chete hwaVakamboita nahwo pakutanga, chinhu chimwe chete chaVari kuita. Kupofomadza meso evasingatendi; kuzarura meso evanotenda. Uye cherechedza zvevatongerwo enyika zviru kuzviita kudivi rezvenjere, zvevatongerwo enyika nechechi, zvevatongerwo enyika nenyika dzakawanda, zvo; uye rimwe divi rakavanzwa kwavari, chikonzero chepamweya.

²⁵⁵ Mwari vakatora murume mumwe chete murenje, ndokumudzidzisa. Zvino ndokumudzosa, ndokusvikotora ndokumudzidzisa. Uye ndokubuditsa vanhu. Muri kuona zvandiri kureva? Havakwanise kushandura hurongwa hwaVo. NdiMwari. Havafe vakashanda neboka. Havana kumbozviita. Vanoshanda nemunhu mumwe chete; uye Vakadaro, uye Vachazviita. Zvino Vakavimbisa, muna Maraki 4, Vaizozviita. Ndizvo chaizvo. Saka heinoyi vimbiso yaVo, izvo zvaVaiva; vimbiso yezvaVakati Vaizoita, uye hezvino tiri pano. Vanhu vakadini, tinofanira kuve, tichifara; vachivapa chiratidzo, nechiratidzo cheShoko raVo rakavimbiswa, Shoko rakavimbiswa. Vakavimbisa kuti Vaizozviita. Uye ivo. . . “Vachadzoreredza Kutenda kwevanhu, moyo yevanhu, kudzokera paKutenda kwemadzibaba epakutanga epentekosti.” Vakavimbisa kuzviita, kuratidza zviratidzo zvaVo.

²⁵⁶ “Uye sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava mumazuva eKuuya kweMwanakomana wemunhu.” Ko imhandoi yechiratidzo chakaonekwa nemachechi paSodhoma? Ko chechi yenjere yakaonei? Vaparidzi vaviri. Ko Chechi yepamweya, yakasanangurwa, Abrahamu neboka rake? Vakaona Mwari vachiratidzwa mumutumbi wenyama, wenyama yemunhu, waigona kunzvera mweya uye nokukwanisa kutaura zvaitaurwa naSara kumashure kwake. “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Tinoona Mweya Mutsvene pakati pedu, achiita chinhu chimwe chete, uchishanda uri munyama yemunhu. Ndiyo nguva yacho. Maona? Tatova pano, vashamwari. Ndizvo zvoga. Imwe Eksodho yavepo.

²⁵⁷ Asi zvino cherechedzai, Vakazviita nechii? Cherechedzai, uye mupfeke kufunga kwenyu kwepamweya. Dai Mweya Mutsvene waisa padivi kopisi iya yakare yokushaya hanyin’ a zvino, uye mutarisise. Mwari kana vakaita sarudzo yokuita chimwe chinhu, neimwe nzira, Havafe vakaishandura.

²⁵⁸ Mubindu reEdheni, paVaida kudzikinura munhu kumudzosa mukuwadzana, Vakatora sarudzo: raiva ropa. Vakaedza dzidzo, vakaedza masangano, vakaedza kuisa pasi pehurumende, nezvimwe zvo, uye hazvishande. Panongori nenzvimbo imwe chete apo Mwari vanosangana nemunhu, ndipo pasi peropa rakadeurwa, sezvazvaiva muEdheni. Hazvina kumboshanduka. Nzvimbo yoga Mwari vakasangana, mumazuva aJobho, paiva

pasi pegwayana rechibairo. Nzvimbo yoga yaVakasangana mumazuva eIsraeri, pasi pegwayana rechibairo; sezvaVakaita mubindu reEdheni, pasi pegwayana rechibairo.

²⁵⁹ Nzvimbo yoga yaVanosangana nhasi, hamusi mumasangano; vanoitirana nharo nokukakavadzana mumwe nomumwe. Kwete mune zvemachechi; vachiri kuita chinhu chimwe chete. Kwete mukushandisa njere; vose vakavhiringika. Asi pasi peRopa reGwayana, mutendi wose anogona kusangana nokuyanana, apo pane Upenyu.

²⁶⁰ Mwari vakasarudza, mumazuva eeksodho, Vakadanira boka kunze. Zvino kubva muboka iroro, ndinoda kuti cherechedze chimwe chinhu, Vakangwana vaviri vakaenda kunyika yechipikirwa. Chii chaVakasaruza chokuvaburitsa kunze nacho, zvevatongerwo enyika, sangano? Vakasarudza muporofita, aiva nechiratidzo chemweya cheShongwe yeMoto, kuitira kuti vanhu vasakanganise. Zvakataurwa nemuporofita chaive Chokwadi. Zvino Mwari vakadzika pasi, Shongwe yeMoto, ndokuZvisimbisa pachavo, ndokuratidza Shoko raVo. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvo zvaVakaunza, eksodho yaVo yokutanga. Eksodho yaVo yechipiri . . .

²⁶¹ Mwari nguva dzose vanofamba muhutatu. Vanokwaniswa muhutatu. Mose munocherechedza maparidziro angu, zvinogara nguva dzose zviri zvitatu zvinomwe. Uh-huh. *Nomwe* “kupedziswa.” *Zvitatu* ndiko “kukwaniswa” kwaVo. Kudhonza kweKutanga, kweChipiri, kweChitatu. Uye, o, zvose, zvinhu zvose. Maona? Kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Zvinhu zvose! Maona? Cherechedzai.

²⁶² Chii chaVakaita, eksodho yokutanga? Vakatumu muporofita, akazodzwa neShongwe yeMoto, zvino Ndokudanira vanhu kunze. Ndiyo yaiva eksodho yaVo yokutanga.

²⁶³ Zvino nguva yeIsraeri payakanga yakwana, Vakatumu zvakare, Mwari-Muporofita, aiva neShongwe yeMoto. Johane akaIona ichidzika kubva Kudenga senjiva. Uye Akati, “Ndinoenda kunaMwari uye Ndinodzokera kunaMwari.”

²⁶⁴ Mushure mekufa, kuvigwa nekumuka kwaKe; Sauro wekuTarsus, ari munzira yake achidzika kuDhamasiko, akaona Shongwe yeMoto imwe chete. Zvino iye ari muHebheru, akadzidziswa zvakanaka muShoko, akati, “Ishe, Ndimi Ani?” Akaziva kuti aive Ishe, Shongwe yeMoto iya. Aive muHebheru. Akati, “Ndimi Ani?”

Zvino Akati, “Ndini Jesu.”

²⁶⁵ Eksodho yechipiri, Vakaunza Muporofita, akazodzwa, uyo aiva Mwanakomana waVo, Mwari-Muporofita. Mosesi akati Aizova Muporofita; uye aiva neShongwe yeMoto, uye ndokuita zviratidzo nezvishamiso. Zvino Muporofita mumwe chete iyeye

akataura, kuti, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiyewo achaaaita.”

²⁶⁶ Uye apa Akavimbisa chinhu chimwe chete mueksodho mumazuva okupedzisira, uye haAkwanise kuzvishandura. Uye nekuratidzwa nesainzi, nekupupurirwa neMweya, nemabasa eMweya, tinozviona nhasi, Shongwe yeMoto huru ichifamba pakati pedu; uye zviratidzo nezvishamiso zvekumuka kwaJesu Kristu, kudana vanhu kubva mune zveasangano, kupinda muHupo hwaJesu Kristu, kugara, kuenda kune imwe Nyika. Hapana kukanganisa, vashamwari. Handi zvandiri kutaura; ini ndinongori hama yenyu. Asi, ndeizvo Mwari vari kuratidza kwamuri, chinozviita kuti zvine Chokwadi. Shongwe yeMoto imwe chete yaVakashandisa pane mamwe maviri, VaJunza pakati penyu nhasi, uye nokuIratidza kubudikidza nesainzi. Sokuziva kwenyu, magazini ye*Life* yaiva naYo mwedzi wapfuura, uko. . .

²⁶⁷ Vangani vakanga vari pano vakandinzwa ndichitaura nezvazvo, izvo zvakaitika, zvisati zvaitika? Ndinofunga, kunge munhu wese muchechi.

²⁶⁸ Hezvoka izvo. Hapana chavanomboziva nezvazvo; vesainzi vari kuedza kudaro. Pane here ane mufananidzo waRo, wakanzi, “Gore, mamaera makumi maviri nematanhatu kuenda mudenga, riri muchimiro chepiramidhi.” Ngirozi nomwe dzakamiririrwa imomo, dzakadzoka zvino ndokukuunzirai Shoko raMwari, pasi pekufemera. Rinokuudzai pamusoro penguva dzamuri kusvika nedzamuri kurarama madziri. Pfungwa yemweya ichazvinhonga izvozo iye zvino, munoona, zvino yozvibata. Ieksodho. Tichange tichienda, rimwe ramazuva ano. Tinopa kutenda kunaMwari. Rangarirai.

Zvino ndichavhara, munguva shomanani. Ndine maminitisi gumi.

²⁶⁹ Cherechedzai Shongwe yeMoto yakavadanira kunze, yakavatungamirira kunyika yechipikirwa, pasi pechizoro chemuporofita. Shongwe yeMoto yavaigona kutarisa, yakavatungamira kunyika yechipikirwa, pasi pemuporofita akazodzwa. Zvino vaingogara vachimuramba. Ndizvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chokwadi.

²⁷⁰ Zvino, ndinoziva kuti tinofanira kuva neshumiro yerubhabhatidzo. Ndine mamwezve mapeji anenge matanhatu pano, ndinofungira kudaro. Asi ndave kuzomira zvino, munguva shomanani.

²⁷¹ Tarirai. Tiri munguva yekudanirwa kunze. “Budai muBhabhironi, vanhu vaNgu,” ndizvo zvakataura inzwi remutumwa.” Kubuda kubva pai? Munyonganyonga. Ko muMethodisti ari pachokwadi here, kana muBaptisti, kana muKatorike? “Budai mazviri.” Mwari ndevechokwadi. Ko unoziva sei? “Regai shoko rose remunhu rive nhema, zvino raNgu

rive Chokwadi. Budai mairi.” Chii chaunoziva? Shongwe yeMoto imwe chete, Mweya mumwe chete unozodza, uchitungamira kuNyika yechipikirwa.

²⁷² Cherechedzai, yakavatungamira, yakavabuditsa kunze, ndokuvatungamira kunyika yechipikirwa; Israeri, nyika.

²⁷³ Zvino Mwari mumwe chete, Shongwe yeMoto imwe chete! Iyo yoga... “Vanotaura kuti...kuti iyi kamera...” Kana ukaverenga George J. Lacy; kwete ini, zvino. Verenga apo George J. Lacy akaongorora mufananidzo uya. Mukuru weF.B.I., wezvidhindo zveimwe nemapepa akanyorwa, herinoi iri gwaro rake. “Mumwe munhu anoti, ‘Ziso rekamera rakatora pamufananidzo mumwe kaviri.’” Makumi ezviuru evanhu vakaItarisa, nemaziso avo pachavo. Takamira pano tikaIona. MakaItarisa. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Handizvo. “Vakati, ‘Kwaive kuona madzengerere.’” Ko VaLacy vakati kudini? “Ziso remuchina wekamera ino haritore zvepfungwa.” Uh-huh. Kwakanga kusiri kuona madzengerere. Iripo, Shongwe yeMoto imwe chete.

Zvino vanoti, “O, hameno, aiva madzengerere.”

Zvino, makamera, kwese, mazana emamaera kubva paTucson!

²⁷⁴ Mwedzi mitanhatu zvisati zvaitika, takakuudzai, neMweya Mutsvene, ndichange ndichizoenda ikoko kunotoro nhau. Nokuti, Zvinyorwa zvepiramidhi zviri kunze, sekurota kwakaita hama, uye ndikazvidudzira kwamuri. Ndiyo dudziro yacho izere. Zvino, zvakavanzika zvose zvekukuramiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvakapedza kutsanangurwa. Zvino kwave kunhonga zvakasaririra zvacho, izvo zvakanga zvakavanzwa muZvisimbiso Zvinomwe, kwete machechi manomwe. Zvisimbiso Zvinomwe zvinozarura zvakavanzika. Uye zvararo Vakazarura chinhu ichi, pamusoro, ndokuwana Dombo imomo, jena, asi rakanga risina kumbonyorwa pariri. Chaive chakavanzika.

²⁷⁵ Enda kuTucson; ndokufanozvitaura zvisati zvaitika. Mira kuchamhembe kweTucson, zvapupu zvimire ipo pano zvaivepo, pakauya kuputika, kwakazunguza makomo, potse kubva pasi. Zvino panguva imwe chete, denderedzwa reChiedza chaive chakaremba mudenga imomo mumhepo, apo sainzi pavakatora mifananidzo zvino. “Mamaera makumi maviri nematanhatu kuenda muchadenga,” zvingangoita mutunhu wakapetwa kashanu kune mhute kanawo zvimwe pazvingawanikwa. Zvino havana kana kumbowana kuti chii chakazviita.

²⁷⁶ “Kuchava neChiedza panguva dzemadekwana.” Nzira yekuenda muKubwiya uchaiwana zvemazvirokwazvo, kana wakasanangurwa. Mbeu iyi ikawira paivhu rakaoma, pamatombo, hapana zvainoita; moyo yakaomarara, yematombo

inongoda kungopesana. Asi kana Ikawira paivhu rokutenda rakapfava, rakanyorovera, Inobereka Mukristu, anobereka zvizbereko zveMweya.

²⁷⁷ Cherechedzai kuti Mwari vakazviita sei. Zvino Vane Shongwe yeMoto imwe chete. Yakasimbiswa.

Mumwe munhu akati, “Ko madini maenda kunoudza vezvesainzi nezvaZvo?”

²⁷⁸ Munofunga kuti vanoZvitenda? “Usakandire maparera ako pamberi penguruve.” Jesu akati tisadaro. Handina kutungamirwa kwekuti ndizviite, asi kunyange ndichigara chaimo muguta umo mavaizvitsvagira. Ndakafunga kuti ndidzikeko. Mweya Mutsvene ndokuti, “Garira kure. Hazvisi zvavo. Dzokera unoudza tabhenakeri.” Zvakanaka.

²⁷⁹ “Uye zvichaitika. Kana zvavanotaura zvikaitika, zvino, rangarirai, Ndazvitaure,” Ishe vanoti, “onai, zvisati zvaitika.” Hezvoka zvaitika. Teerera kuBhaibheri, Inzwi raMwari riri kudana kwamuri muzuva rino.

²⁸⁰ Zvino ndinoda kuti mucherechedze. Shongwe yeMoto imwe chete iyi iri kutungamira vanhu zvakare kuNyika yechipikirwa, Mireniyamu. Uko, kwatakawana, pasi pokufemera kweChisimbiso Chechitanhatu ichi, (hazvina kumbodzidziswa kumashure), kuti nyika ichazocheneswa sei kuitira Mireniyamu. Shongwe yeMoto iri kuvatungamira kuMireniyamu.

²⁸¹ Uye cherechedzai Shongwe yeMoto yakatungamira Israeri kubva muhutapwa, mueksodho iyoyo; Shongwe yeMoto, pasi pekutungamira kwaMwari...Mwari vaiva Moto, zvino Shongwe yeMoto yakazodza muporofita bedzi. Shongwe yeMoto yaizomira sechapupu cheKudenga chokuti Mosesi akadanirwa kunze.

²⁸² Munorangarira Dhatani, nevamwe, vakati, “Saka, tinofanira kutanga sangano. Mosesi, unozvikudza pamusoro pevanhu vose. Unoedza kutaura kuti ndiwe wega mutsvene pakati pedu. Ungano yose yaJehovha itsvene. Sei uchizviisa pauri iwe wega?”

²⁸³ Zvino Mosesi akawira pasi nechiso chake ndokutanga kuchema. Mwari vakati, “Zvipatsanure kubva paari. Ndichangozarura pasi ndomumedza.” Mufananidzo. Ko zvingagone...Mosesi akavaudza kuti akanga ari kuvataurira zvakanga zvataurwa naMwari, Mwari vachiChisimbisa kuti chaive Chokwadi.

²⁸⁴ Kunyange Miriami, muporofitakadzi pachake, naAroni, vakaseka Mosesi, nokuda kwekuroora musikana uya wechiKushi, vachiita dambe naye. Zvino Mwari vakashatirwa; kutaura zvinopesana nemuranda waVo. Chii chaVakaita? Vakavadanira kumukova wetabhenakeri. Uye Miriami, naizvozvo, akanga ari muporofitakadzi. Asi Mosesi akanga

ari muporofita nokudarika, muporofita nokudarika. Vakati, “Hamutye Mwari here? Kana paine muporofita pakati penyu, Ini Jehovha ndichataura naye muzviratidzo, uye Ndozvizivisa kwaari nemuzviroto, asi,” ndokuti, “kwete Mosesi.” Ndokuti, “Hamutye Mwari here?” Zvino a—akanga ave kutofa nemaperembuzi, panguva iyoyo. Munozviziva.

²⁸⁵ Ko haAna here kuti, “Johane Mubhabhatidzi. Makaenda here kunoona muporofita? Hongu, muporofita nokupfuurira”? Sei? Sei akanga ari muporofita nokupfuurira? Akanga ari mutumwa weSungano, areka yakabatanidza mwaka miviri iyi pamwe chete.

²⁸⁶ Uye nhasi, ivo . . . zvatnazvo pakati pedu, Mweya Mutsvene mukuru uyu, muporofita nokupfuurira. NdiMwari vari kuratidzwa pakati pedu, neShoko raVo kuzviratidza. Vanoita zvinodarika muporofita, zvakapetwa chiuru kudarika zvinoitwa nevaporofita.

²⁸⁷ Eria, mumwe wevaporofita vakuru vemuzera, akangoita bedzi zvinhu zvina zvemweya, muhupenyu hwake hwose hwemakore makumi masere nokuraudzira. Uye Erisha, aiva nemugove wakapetwa kaviri, akaita zvisere.

²⁸⁸ Zvino tinoona zviuru zvezviuru, nemaziso edu, totarisa Mutumwa waJehovha, ari muShongwe yeMoto. Kunzvera kwesainzi, kuchienda nayo kunyika, vachiziva kuti vachatongwa naYo. Ko Gwayana riya rakaitei, uya Mutumwa waJehovha uya, aiva Kristu? Munozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²⁸⁹ Mutsvene Johane 6. Vose vakanga vari kunwa mvura iyi, uye vaine nguva inoshamisa vachifara. Akati, “Ndini Chingwa cheUpenyu chakabva kunaMwari chichibva Kudenga. Ndini Dombo raive murenje.”

²⁹⁰ Vakati, “Zvino tave kuziva kuti Unopenga. Uno—Unopenga. Iwe, Une dhimoni paUri. Uri Munhu anopenga, ane dhimoni.” Munoziva, vanhu vanowana mumwe mweya pavari, pane dzimwe nguva vanoshingaira kwazvo, pane zvekunamata. Vakati, “Uri—Uri dhimoni. Une dhimoni paUri. Uri muSamaria, uye Une dhimoni paUri.” Ndokuti, “Uye pano, haUna kana makore anodarika makumi mashanu okuberekwa, zvino Unoti ‘wakaona Abrahamama?’”

²⁹¹ NdinoMuona achiita nhano shoma nenhendashure. Ndokuti, “NDIRI WANDIRI. Abrahamama asati avapo, NDIRI.” Wakanga uri Moto waibvira, Shongwe yeMoto iya mugwenzi.

²⁹² PaAkafa, uye ndokumuka nezuva retatu, zvino Sauro akasangana naYe munzira yaienda zasi, Akanga adzokera kune iya Shongwe yeMoto. Akati, “Ndakabva kunaMwari, uye Ndinoenda kunaMwari.”

293 Paya Petro paakanga ari mutirongo, iya Shongwe yeMoto yakapinda imomo, ndokuzarura mikova ndokuenda naye panze. Ndizvo chaizvo.

Ko Shongwe yeMoto yakavatungamirira kupi?

294 Zvino, rangarirai, Mosesi akanga asiri iye Shongwe yeMoto. Akanga ari mutungamiri akazodzwa, pasi peShongwe yeMoto, zvino Shongwe yeMoto yakangosimbisa bedzi Mharidzo yake nezviratidzo nezvishamiso.

295 Zvino Shongwe yeMoto iyi yakavatungamirira kuenda kunyika yavakavimbiswa naMwari, uko iVo, pachaVo, vaizoitwa nyama pakati pavo, nerimwe zuva. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chii chavakaita? Vakanyunyuta nekupopota, nezvimwe zvose, kuratidza kuti vaive pasi pegwayana ramazuva ose.

296 Asi panguva ino (kubwinya kunaMwari), Shongwe yatinoona pakati pedu, Shongwe yeMoto ichatitungamira kuenda kuMireniyamu, uko kwaAchadzoka kuvanhu vaKe munguva huru yekutonga yemuMireniyamu mushure meeksodho ino, uko kwatichagara munaZiendanakuenda naYe. Anogara nguva dzose aine Shoko raBaba, nguva dzose nokuratidza kuti Nderechokwadi.

297 Tiri mueksodho. Uye tave kuenda, nokuzodzima matepi munguva shoma. O, shamwari dzangu, hama dzangu, vose vari pano neavo vachazonzwa matepi, regai ini. . . sehama yenyu nemugari wemuHumambo hwaMwari. Budai, mueksodho ino, nokuti avo vose vanosara kumashure vachatakura munembo wechikara. Budai muBhabhironi. Budai munyonganyonga iyi. Budai muhurongwa uhu, zvino moshumira Mwari mupenyu. Regai. . .

298 Mutumwa mukuru uyu weSungano! “Jesu Kristu, ari muchimiro chaMwari, akafunga kuti hakusi kupamba, asi akange aenzana naMwari.” Zvino iYe iShongwe yeMoto, ari muchimiro chimwe chete chaAiva kareko, achiunza eksodho yokutanga, achiunza eksodho yechipiri, uye pano Ane eksodho yechitatu.

299 Eksodho yokutanga, chii chaVakaita? Vakavabuditsa kubva munyika yepano pasi, kuenda kune nyika yepano pasi.

300 Eksodho yechipiri, Vakavabuditsa kubva mune chinhanu chepamweya, nokuvapinza murubhabhatidzo rwepamweya rweMweya Mutsvene.

301 Zvino Vari kuvaunza kubva murubhabhatidzo rwepamweya rweMweya Mutsvene, kudzokera Munyika Yokusingaperi yeMireniyamu nemunaZiendanakuenda. Shongwe yeMoto imwe chete, nehurongwa humwe chete hwakazodzwa, Mwari mumwe chete achiita zvinhu zvimwe chete! Uye Shoko rimwe chete, rakazivisa yokutanga, rikazivisa yechipiri. Shoko rimwe chete,

rakazivisa yechipiri, razivisa yechitatu, zvino heinoyi tinoIona pakati pedu.

³⁰² Budai. O! Budai kunze kwenyonganyonga iyi. Uyai kunaMwari mupenyu. Uyai kuShoko. “Zvino Shoko rakaitwa nyama ndokugara pakati pedu.” Uye zvino Ari munyama yedu, achigara pakati pedu. Budai kunze mushumire Mwari mupenyu.

³⁰³ Tichikotamisa misoro yedu. [Imwe hama inotaura nendimi. Imwe hama inodudzira—Mupepeti.]

³⁰⁴ Takakotamisa misoro yedu. Kubva pakadzika pemweya wako, kubva pakadzika pezvose zviri mauri, unoda here kurangerira kuzo... Wagadzirira kurega zvinhu zvose zvemunyika, zvino woraramira Mwari? Zvino, kana usiri kuzvirevesa, usazviiti. Asi kana uri kuzvirevesa, nemoyo wako wese, kuti iye zvino wagutsikana. Sokutaura kwakaita Jesu, pamagumo eshumiro yaKe, “Zvino munotenda here?” Wagutsikana here kuti zvinhu izvi ndizvo chaizvo, zvakasimbiswa naMwari, uye kuti tiri panguva yokupedzisira, uye zvechokwadi unoda kuuya kunaKristu zvino? Uyai mueksodho ino iyi, yokudana kubva mukushaya hanyi, zveasangano, pfungwa nezvinhu zvenyika. Uye unoda kuzvipira nemoyo wako wose kwaAri zvino wouya mueksodho, kuenda kuNyika yechipikirwa yakaropafadzwa, mungasimudzawo here maoko enyu tichinamata? Une chokwadi chizere here kuti uri kuda kubuda, munhu wese?

³⁰⁵ Baba voKudenga, avo vane maoko avo mudenga, regai vabude kunze zvino, Ishe. Regai Mweya Mutsvene, pavimbiso yeShoko, regai Mweya Mutsvene upinde mumoyo yavo. Kubva muungano yedu, kwava nemaoko anenge makumi maviri, ndinofunga kudaro, Baba, vagutsikana uye nokuziva kuti i—kuti ichokwadi, uye vari kuda kubuda kunze. Kana panga paine. . .

³⁰⁶ Mumazuva ekubuda kweIsraeri, kubva pavanhu mamiriyoni maviri nechidimbu, vaviri voga ndivo vakasvika kunyika.

³⁰⁷ Mumazuva aJesu Kristu, kwaiva nevanenge zana nemakumi maviri vakabudirira.

³⁰⁸ Uye zvino, mumazuva ekuguma kwenyika, Makati, “Suwo rakamanikana, uye nzira yacho in hete, uye pachava nevashoma vachauwana. Asi yakapamhama nzira inotungamira mukuparadzwa, uye vakawanda vachapinda imomo.” MaShoko aya haakundi. NdeeNyu.

³⁰⁹ Zvino ndinovanamatira, Ishe. Ndinonamata kuti Muchazviita, munguva ino, neMweya weNyu Mutsvene, kudzingisa moyo iyoyi. Buditsai zvinhu zvose zvemunyika. Dzingisai nzeve dzavo, kuti vagonzwa zvakajeka Inzwi raMwari, richidana, nemuShoko raVo uye nemuChiedza chezuva rino. Uye zviitei, Ishe, kuti meso avo agozaruka, kuitira kuti vagoona kubwinya kwaMwari munguva ino yokupedzisira. Makati,

“Avo vose vaNdakapiwa naBaba vachauya, uye ndichavamutsa nezuya rekuguma.”

³¹⁰ Ishe, pamwe pane vakawanda pano vasati vave kunzwisisa. Ndinonamata kuti Mugoshanda navo, uye mugovaita kuti vagowana mumwe mukana, Ishe, kuitira kuti vagokwanisa kunzwisisa, kunzwa iMi muchitaura nemuShoko reNyu, Muchizviratidza; uye zvararo mataura kwatiri neinzwi remweya, uyezve nedudziro; kuona mabasa eNyu makuru achizviratidza kuti ndeZvechokwadi, maererano neBhaibheri. Ndinonamata, Ishe, kuti Muchatiregerera zvivi zvedu, zvino, uye apo pandiri kuzviradzika pamusoro peShoko iri.

³¹¹ Mwari, ndiri kufunga kuti, musvondo richangopfuura, nda—ndakazviradzika pamunhu akanga afa pasi pano. Ndakaona Mweya Mutsvene mukuru achimudzosa kuhupenyu. Maziso ake akanga apinduka seri kwemusoro wake, arere, afa. Neangori mashoko maduku, mashoma ekudana Zita reNyu, ndakamuona achirarama. Heunoi uyu pano nhasi, mupenyu, nazvino. Ishe, Muri Mwari mumwe chete, uyo, apo Pauro akazviradzika pamukomana, akanga ari kumunzwa achiparidza kwenguva refu, murume uya akadonha kubva pahwindo. Ndimi Mwari mumwe chete anokwanisa kudzoreredza hupenyu. TinoKutendai, Baba. Dai. . . Asingatendi haagoni kutenda. Asi tinotenda, Ishe. Makazviratidza pacheNyu kwatiri.

³¹² Zvino regai mufungo wemoyo wangu, nendangariro dzepfugwa yangu, simba rangu nezvose, zvinyungudutswe muShoko iri. Uye itai kuti Shoko neni, pamwe chete, Ishe, nevanhu, tifore takananga kuHumambo hwaMwari. Zviitei, Ishe. Regererai zvivi zvedu. Podzai zvirwere zvedu, uye mutiite vanhu veHumambo hweNyu.

³¹³ Uye zvino, apo ava vari kuuya, Ishe, uye chidziva chiri kuzarurwa, mvura dzagadzirirwa, uye rubhabhatidzo rwuchange rwuchitanga mumaminitsi mashoma, tinorangarira apo Evhangeri imwe chete iyoyi payakaparidzwa, Bhaibheri rakati, “Vose vakatenda vakabhabhatidzwa.”

³¹⁴ Hedzinoi hengechepfu dzaradzikwa pano, Ishe, idzo dzandicharopafadza nemuZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwevarwere. Zvino kana. . .

³¹⁵ Masevhisi edu akareba, anatora nguva refu, nokuti nguva yapera. Tinofanira kuisa Shoko mukati apo pachiine ivhu racho rekuRiisa, nokuti chando chinotonhora chiri kuuya. Tiri kuzviona. Mashizha ave kudonha, uye tinoziva kuti chando chave pedyo. Tinofanira kuparanzura pamusoro nokufushira Mbeu. Saka, ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Mugotaura kuhana yose.

³¹⁶ Uye Bhaibheri rakati, “Vose vakatenda vakabhabhatidzwa.” Uye, Ishe, kana paine zvino vakawanda pano vatenda, uye vasati vabhabhatidzwa nemuZita reMwana weNyu anodikanwa, Jesu,

dai vakauya mangwanani ano, mukutapira nokuzvininipisa, uye vachireurura chivi chavo, uye nekufa kuzvinhu zvenyika; kuti vavigwe, kuti vatore Zita raJesu Kristu; kuti vararame muhumwari, kubva zvino zvichienda mberi, vachibatsirwa neMweya Mutsvene. Tinovakumikidza kwaMuri zvino, Ishe, kuitira chinangwa ichochi, nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

³¹⁷ Zvino tinodzoseva sevhisi kuna Hama Neville, uye chero chavangafanira kutaura, apo tichigadzirira sevhisi yerubhabhatidzo.

³¹⁸ Uye manheru ano, naseven-thirty, Ishe vachitendera, ndinoda kutepa imwe Mharidzo iyi. Mwari vakuropafadzei kusvikira ipapo.



EKSODHO YECHITATU SHO63-0630M
(The Third Exodus)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikumi 30, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2016 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org